

ANALISIS KALEPATAN FONOLOGIS ING MEME BASA JAWI

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Wiwik Pertiwi

NIM 16205241006

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Kalepatan Fonologis ing Meme Basa Jawi*”
menika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge nglampahi
pendadaran.



Yogyakarta, 13 Maret 2020

Inkang nyarujuki,
Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Siti Mulyani', written over a large, sweeping horizontal stroke.

Dra. Siti Mulyani M.Hum.
NIP 19620729 198703 2 002

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Kalepatan Fonologis ing Meme Basa Jawi*”
menika sampun dipunandharaken nalika *pendadaran* ing sangajengipun *Dewan
Penguji*, ing surya kaping 20 Maret 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Surya
Dra. Siti Mulyani M.Hum.	<i>Ketua Penguji</i>		07 April 2020
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	<i>Sekretaris Penguji</i>		07 April 2020
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	<i>Penguji Utama</i>		07 April 2020

Yogyakarta, 08 April 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 196210081988032001

WEDHARAN

Ingang tapakasma wonten ing ngandhap menika, kula.

Nama : Wiwik Pertiwi

NIM : 16205241006


Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asiling pedamelan kula piyambak. *Karya ilmiah* menika menapa wontenipun jumbuh kaliyan ngelmi kula, boten wonten *materi* saha seratan dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* jumbuh tata cara, *etika*, saha paugeran *karya ilmiah* ingkang *lazim*. Menawi kasunyatan wedharan menika boten leres, sadaya dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Panyerat,



Wiwik Pertiwi

NIM 16205241006

SESANTI

He wong-wong sing mukmin, dadekna sabar lan salat kanggo pitulunganmu.

Sanyatane Gusti Pangeran iku bareng karo wong sing sabar.

(Wahai orang-orang yang beriman, jadikanlah sabar dan salat sebagai penolongmu. Sesungguhnya Allah beserta orang-orang yang sabar.)

(QS. Al Baqarah: 153)

Sapa sing temen bakal tinemu

(@filosofi_jawa)

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula Bapak Surono saha Ibu Suminah.

Matur nuwun awit raos tresna ashipun, panyengkuyungipun, saha pandonganipun.

PRAWACANA

Puji sukur wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung nun inggih Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan, rahmat, saha kabagaswarasan dhateng panyerat satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Kalepatan Fonologis ing Meme Basa Jawi*” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat minangka satunggaling sarat kangge anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan.


Skripsi menika saged dipunpungkasi anggenipun nyerat awit saking pambiyantu saha pandonganipun mapinten-pinten pihak. Pramila saking menika panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng,

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Ibu Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni
3. Bapak Dr. Drs. Afendy Widayat, M.Phil., minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring bimbingan saha panjurungipun.
4. Ibu Dra. Siti Mulyani, M. Hum., minangka Pembimbing *skripsi* kula ingkang tansah sabar saha paring ngelmi, *motivasi* rikala bimbingan satemah skripsi menika saged kaimpun.
5. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka Penasehat Akademik kula ingkang sampun paring bimbingan saha panjurung ing sadangunipun kuliah.
6. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sadaya ngelmi saha panjurung mawarni-warni ingkang murakabi.
7. Bapak Hasan minangka Admin Jurusan awit pambiyantunipun.
8. Tiyang sepuh kula Bapak Suroso saha Ibu Suminah ingkang boten nate kendhat paring panjurung, *motivasi*, katresnan, saha pandonganipun.
9. Adhi kula Inu Sembodo ingkang suka panjurung, *motivasi*, saha pandonganipun.

10. Nenek kula Ngadirah ingkang sampun paring donga pangestu saha katresnanipun dhateng kula.
11. Pakdhe Ngatija, Pakdhe Suwandi, Pakdhe Suroyo, Pakdhe Pracoyo Prasetya, Pakdhe Mujiyo, saha Mbak Aprilia Ari Kartini ingkang sampun paring panjurung, katresnan, saha *semangat*.
12. Kanca-kanca kula Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Angkatan 2016, ingkang sampun dados kulawarga kula saha sampun paring pandonga saha panjurungipun.
13. Kanca-kanca kula kelas A (Arkananta), ingkang sampun dados kulawarga kula saha sampun paring pandonga saha panjurungipun.
14. Kanca-kanca PLP UNY SMP N 3 Sewon taun 2019, ingkang sampun paring pandonganipun.
15. Para sisiwa kelas VII, VIII, IX, ingkang sampun paring pandonganipun.
16. Guru Pamong PLP kula, Ibu Alfiyah ingkang sampun paring pandonganipun.
17. Kulawarga KKN G259 saha warga masarakat Dsn. Lemahbang, Lemahbang, Kismantoro, Wonogiri ingkang sampun paring pandonganipun.
18. Kanca raket kula ingkang sampun paring katresnan saha pambiyantunipun, Rista Khayatun, Siti Yulianti Werdiningsih, Wike Windiarti, Rendri Nugraheni, Tri Ayu Yuliani, saha Devi Umi Fatonah.
19. Kanca raket kula ingkang sampun paring *semangat* saha pandonganipun, Melia Yuliana, Rani Fitriyaningsih, Mita Indah Sari, Ukhta Apriyani, Ajeng Rahmadhani, saha Nurwati Setyaningsih.
20. Sadaya kulawarga kula wonten ing organisasi pemudha-pemudhi Jati, Sentral Organisasi Pemuda-pemudi dusun 1 Jati (SENOPATI)
21. Sedaya tiyang ingkang boten saged kula sebutaken satunggal-satunggal.

Tamtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika panyerat nyuwun pamrayogi ingkang saged ndadosaken langkung sae saha jangkeping *skripsi* menika. Wasana atur kanthi andhapasoring panyerat, *skripsi* menika kaajab sageda murakabi.

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Panyerat,

Wiwik Pertiwi
NIM 16205241006

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
DAFTAR ISI	x
DAFTAR GAMBAR	xiii
DAFTAR TABEL	xvi
DAFTAR BAGAN	xvii
SARINING PANALITEN	xviii
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	3
C. Watesaning Prakawis	4
D. Wosing Prakawis	4
E. Ancasing Prakawis	4
F. Paedahing Prakawis	5
G. Pangartosan	5
BAB II GEGARAN <i>TEORI</i>	7
A. <i>Andharan Teori</i>	7
B. <i>Kalepatan Fonologis</i>	11
a. <i>Fonem Basa Jawi</i>	18
a) <i>Vokal Basa Jawi</i>	19
b) <i>Fonem Konsonan Basa Jawi</i>	22
c) <i>Konsonan Rangkep</i>	27

	Kaca
C. Panaliten ingkang gayut	29
D. Nalaring Pikir	30
BAB III CARA PANALITEN	32
A. Cara Panaliten	32
B. <i>Data saha Sumber Data</i>	32
C. Piranti Panaliten	33
D. <i>Metode Ngempalaken Data</i>	34
E. Teknik <i>Analisis Data</i>	36
F. <i>Validitas saha Reliabilitas</i>	37
1. <i>Validitas data</i>	37
2. <i>Reliabilitas data</i>	38
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	40
A. Andharan Asiling Panaliten	40
B. Pirembagan	46
1. Kalepatan <i>Fonologis</i> Tambahing <i>fonem</i>	47
a. Tambahing <i>fonem</i> /k/	47
1) Tambahing <i>fonem</i> /k/ ing pungkasan wanda sepisan	47
2) Tambahing <i>fonem</i> /k/ ing pungkasan tembung	50
b. Tambahing <i>fonem</i> /e/	51
c. Tambahing <i>fonem</i> /m/	52
1) Tambahing <i>fonem</i> /m/ ing wiwitan tembung	53
2) Tambahing <i>fonem</i> /m/ ing pungkasan wanda sepisan	55
2. Kalepatan <i>fonologis</i> Ical utawi Sudaning <i>Fonem</i>	56
a. Ical utawi sudaning <i>fonem</i> /w/	56
b. Ical utawi sudaning <i>fonem</i> /y/	59
3. Kalepatan <i>Fonologis</i> Ewahing <i>Fonem</i>	60
a. Ewahing <i>fonem</i> /t/ kaserat /t/	60
1) Ewahing <i>fonem</i> /t/ kaserat /t/ ing wiwitan tembung	60
2) Ewahing <i>fonem</i> /t/ kaserat /t/ ing wiwitan wanda kaping kalih	62

	Kaca
b. Ewahing <i>fonem</i> /d/ kaserat /d/	63
1) Ewahing <i>fonem</i> /d/ kaserat /d/	64
2) Ewahing <i>fonem</i> /d/ kaserat /d/	65
c. Ewahing <i>fonem</i> /d/ kaserat dh	68
d. Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o	69
1) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing wiwitan tembung	69
2) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing pungkasan wanda sapisan	71
3) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing madya wanda sapisan	73
4) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing pungkasan wanda kaping kalih	74
5) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing wiwitan wanda tiga	76
6) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing pungkasan wanda sapisan	77
7) Ewahing <i>fonem</i> /ɔ/ kaserat o ing pungkasan tembung	78
e. Ewahing <i>fonem</i> /a/ kaserat k	80
f. Ewahing <i>fonem</i> /a/ kaserat o	81
1) Ewahing <i>fonem</i> /a/ kaserat o ing wiwitan tembung	81
2) Ewahing <i>fonem</i> /a/ kaserat o ing pungkasan wanda kaping kalih	83
g. Ewahing <i>fonem</i> /i/ kaserat e	84
1) Ewahing <i>fonem</i> /i/ kaserat e ing madya wanda kaping kalih	84
2) Ewahing <i>fonem</i> /i/ kaserat e ing tengah tembung	85
h. Ewahing <i>fonem</i> /e/ kaserat a	87
i. Ewahing <i>fonem</i> /o/ kaserat u	88
j. Ewahing <i>fonem</i> /u/ kaserat o	89
k. Ewahing <i>fonem</i> /s/ kaserat sy	90
BAB V PANUTUP	94
A. Dudutan	94
B. Implikasi	95
C. Pamrayogi	95
KAPUSTAKAN	97
LAMPIRAN	100

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1 Wacana <i>Meme</i> Basa Jawi	2
Gambar 2 Tuladha wacana <i>meme</i> basa Jawi	37
Gambar 3 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	48
Gambar 4 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	49
Gambar 5 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	50
Gambar 6 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	51
Gambar 7 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	53
Gambar 8 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	54
Gambar 9 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	55
Gambar 10 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	57
Gambar 11 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	58
Gambar 12 https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	59
Gambar 13 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	61
Gambar 14 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	62
Gambar 15 https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	63

Kaca

Gambar 16	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	64
Gambar 17	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	65
Gambar 18	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	66
Gambar 19	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	67
Gambar 20	https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm	68
Gambar 21	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	69
Gambar 22	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	70
Gambar 23	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	71
Gambar 24	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	72
Gambar 25	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	73
Gambar 26	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	74
Gambar 27	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	75
Gambar 28	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	76
Gambar 29	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	77

Kaca

Gambar 30	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	78
Gambar 31	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	79
Gambar 32	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	80
Gambar 33	https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm	82
Gambar 34	https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm	83
Gambar 35	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	84
Gambar 36	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	85
Gambar 37	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	86
Gambar 38	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	87
Gambar 39	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	88
Gambar 40	https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html	89
Gambar 41	https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/	90

DAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1 Parameter ewahing fonem basa Jawi</i>	28
<i>Tabel 2 Parameter tambahing fonem basa Jawi</i>	28
<i>Tabel 3 Parameter sudaning fonem basa Jawi</i>	29
<i>Tabel 4 Wujud Kartu Data Kalepatan Fonem ing Meme Basa Jawi</i>	35
<i>Tabel 5 Kalepatan Fonologis ing meme basa Jawi</i>	38
<i>Tabel 6 Aanalisis Awal Kalepatan Fonologis ing meme basa Jawi</i>	40
<i>Tabel 7 Analisis fonem, wujud saha mapanipun fonem ingkang lepat wonten ing meme basa Jawi</i>	100

DAFTAR BAGAN

	Kaca
Bagan 1 Nalaring Pikir	31

ANALISIS KALEPATAN FONOLOGIS ING MEME BASA JAWI

Dening: Wiwik Pertiwi

NIM 16205241006

SARINING PANALITEN

Panaliten menika katindakaken kanthi tigang ancas. Ancasing panaliten menika, (1) ngandharaken jinis kalepatan *fonologis* ing Meme Basa Jawi; (2) ngandharaken *fonem* ingkang lepat panyeratipun ing Meme Basa Jawi; (3) ngandharaken mapanipun *fonem* ingkang lepat ing Meme Basa Jawi.

Jinising panaliten menika ngginakaken *metode deskriptif*. *Data* ing panaliten menika wujudipun tembung saking wacana meme basa Jawi ingkang ngewrat kalepatan *fonologis*. *Data* panaliten menika kapendhet kanthi ngundhuh wacana *meme* basa Jawi saking *internet*. *Meme* menika kapendhet namung saperangan, inggih menika saking *periode* gangsal taun kepungkur dumugi samenika. Pirantining panaliten menika panaliti piyambak (*human instrument*). *Teknik analisis data* ing panaliten menika kanthi maos wacana *meme* basa Jawi, nemtokaken *fonem* ingkang lepat, saha nyerat ing *kartu data*. Saking *teknik* kalawau, lajeng dipunpantha-pantha miturut jinis kalepatan, fonem ingkang lepat, saha mapaning *fonem* ingkang lepat. *Keabsahan data* katetepaken kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas data* ngginakaken *teknik triangulasi teori*. *Reliabilitas data* katetepaken kanthi *pengamatan* saha *kajian* ingkang wongsal-wangsul.

Asiling panaliten nedahaken bilih kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi gayut kaliyan *fonem vokal*, *fonem konsonan*, saha *fonem semi vokal*. Jinis kalepatan *fonologis* ing panaliten menika tambahing *fonem*, ical utawi sudaning *fonem*, saha ewahing *fonem*. Kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi tambahing *fonem*. Wujud tambahing fonem inggih menika *fonem /k/* ing pungkasan wanda sapisan saha pungkasan tembung, *fonem /ə/* ing pungkasan wanda sapisan, *fonem /m/* ing pungkasan wanda sapisan, saha wiwitan tembung. Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* wujudipun *fonem /w/* ing wiwitan wanda kaping kalih, *fonem /y/* ing wiwitan wanda kaping tiga. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* mawarni-warni, ngandhap menika kaandharaken kanthi jangkep. Ewahing *fonem /t/* dipunserat **t** ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem /d/* dipunserat **d** ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem /d/* dipunserat **dh** ing wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem /ɔ/* dipunserat **o** ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sapisan, tengah wanda sapisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga, pungkasan wanda kaping tiga, saha pungkasan tembung. Ewahing *fonem /a/* dipunserat **k** ing pungkasan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem /a/* dipunserat **o** ing wiwitan tembung saha pungkasan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem /i/* dipunserat **e** ing tengah wanda kaping kalih saha tengah tembung. Ewahing *fonem /e/* dipunserat **a** ing tengah tembung. Ewahing *fonem /o/* dipunserat **u** ing pungkasan wanda sapisan. Ewahing *fonem /u/* dipunserat **o** ing tengah tembung. Ewahing *fonem /s/* dipunserat **sy** ing wiwitaning tembung.

Kata kunci : meme basa Jawi, kalepatan *fonologis*

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi minangka sarana kangge ngandharaken gagasan. Anggenipun ngandharaken gagasan menika salah satunggalipun kanthi cara sinerat. Ngandharaken gagasan kanthi cara sinerat menika warni-warni, kados ing jaman menika kathah gagasan ingkang saged dipunprangguli antawisipun ing *media sosial*, kados ing *internet*, *instagram*, lan sapanunggalanipun.

Salah satunggaling cara kangge ngandharaken gagasan sinerat ing *internet*, inggih menika wontenipun *meme*. Luthfi (lumantar Juditha, 2015: 106) ngandharaken bilih *meme* dipuntegesi minangka *ide*, prilaku utawi *gaya* ingkang nyebar saking salah satunggal tiyang tumuju tiyang sanesipun. Menawi dipuntingali saking wujudipun, *meme internet* kapendhet saking salah satunggal gambar, *hiperlink*, *video*, *website*, utawi *hashtag*. *Meme internet* anggenipun ngandharaken mawi *jejaring sosial*, *blog*, *email*, saha *sumber pawarta*. *Meme* menika dados *populer* amargi *meme* saged dados lelucon, *sindiran*, *ekspresi perasaan* ing *dunia maya*. Prakawis menika kanthi cepet dados *populer* saha dados remening tiyang ingkang maos.

Amargi kawentaring *meme*, mila narik kawigatosan tiyang nindakaken panaliten ingkang *datanipun* saking *meme*. Kados ing panalitenipun Mei Sartika Nurhayati 2018 ingkang ngrembag bab “*Analisis Struktural dan Tujuan Tuturan Wacana Meme Selamat Malam dalam Akun Instagram Path Indonesia: Kajian Struktural dan Pragmatis*”.

Panaliten menika ngandharaken *struktur Meme Selamat Malam* ing akun *Instagram Path Indonesia* saha ancas wacana *Meme Selamat Malam* ing akun *Instagram Path Indonesia*. *Ranah* panaliten ingkang katindakaken dening Mei Sartika menika ing tataran pragmatik sanes *fonologis*.

Saking kawentaring *meme* menika kedahipun sampun leres tata panyerating tembung, namung kasunyatanipun menawi dipunprangguli saking *aspek fonologis* basa Jawi taksih wonten kalepatan. Saking kathahing lepat seratan *fonologis* basa Jawi ing wacana *meme* menika narik kawigatosan panaliti nindakaken panaliten ingkang asesirah *Analisis kalepatan fonologis* ing *meme* basa Jawi. Ngandhap menika kaandharaken lepat *fonologis* ing salah satunggal wacana *meme* basa Jawi.

Gambar 1 Wacana Meme Basa Jawi



Blog. <https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>

Wacana *meme* basa Jawi ing nginggil kirang pas jalaran panyerating *fonem* lepat, mila nuwuhaken lepat *fonologis* makna ugi. *Meme* basa Jawi nginggil ngewrat wacana “kalah bondor kalah rupo ora opo-opo penting menang gedhe tur dhowo”. Wacana kasebut nuwuhaken bedaning makna utawi malah boten wonten maknaipun amargi panyerating *fonologis* kirang pas miturut paugeran basa Jawi.

Jumbuh kaliyan *konteks*, tembung ingkang pas inggih menika tembung **båndhå**. Miturut Poerwadarminta (1937), bausastra basa Jawi, tembung **båndhå** tegesipun barang rajabrana. Ing tembung sanes menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*, tembung ingkang pas inggih menika tembung **rupå**. Miturut Poerwadarminta (1937), bausastra basa Jawi, tembung **rupå** tegesipun kaanan wewujuding ingkang dipunpirsani. Tembung **opo-opo** menika ugi lepat, miturut *konteks* tembung ingkang pas inggih menika tembung **åpå-åpå**. Miturut Poerwadarminta (1937), bausastra basa Jawi, tembung **åpå-åpå** tegesipun ora `owah babar pisan. Tembung **dhowo**, miturut *konteks* tembung ingkang pas inggih menika tembung **dåwå**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **dåwå** tegesipun panjang.

Lepating *fonologis* taksih warni-warni kacihna saking wacana kasebut, mila menawi dipuntingali ing maknaipun menika ugi lepat utawi boten ngewrat makna. Saking warni-warni leparing seratan mila perlu dipuntliti ing *aspek fonologis*, prakawis kasebut kangge suka pamrayogi leresing seratan meme basa Jawi.

B. Underaning Prakawis

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken menika, saged nuwuhaken prakawis. Prakawis ing panaliten, kaandharaken ngandhap menika.

1. Jinis kalepatan *fonologis* ing *Meme* Basa Jawi.
2. *Fonem* ingkang lepat panyeratipun ing *Meme* Basa Jawi.
3. Mapanipun *fonem* ingkang lepat ing wacana *Meme* Basa Jawi.
4. Prakawis ingkang ndayani lepat panyerating *fonologis* ing wacana *Meme* Basa Jawi.

C. Watesaning Prakawis

Saking adhedhasar underaning prakawis wonten nginggil, nuwuhaken watesing prakawis. Watesing rakawis, kaandharaken ngandhap menika.

1. Jinis kalepatan *fonologis* ing *Meme* Basa Jawi.
2. *Fonem* ingkang lepat panyeratipun ing *Meme* Basa Jawi.
3. Mapanipun *fonem* ingkang lepat ing wacana *Meme* Basa Jawi.

D. Wosing Prakawis

Saking adhedhasar underaning prakawis ing nginggil, nuwuhaken wosing prakawis. Wosing prakawis kaandharaken ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinis kalepatan *fonologis* ing *Meme* Basa Jawi?
2. *Fonem* menapa kemawon ingkang lepat panyeratipun ing *Meme* Basa Jawi?
3. Wonten pundi kemawon mapanipun *fonem* ingkang lepat ing wacana *Meme* Basa Jawi?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis nginggil, mila wonten ancasing panaliten. Ancasing panaliten kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken jinis kalepatan *fonologis* ing *Meme* basa Jawi.
2. Ngandharaken *fonem* ingkang lepat panyeratipun ing *Meme* basa Jawi.
3. Ngandharaken mapanipun *fonem* ingkang lepat ing wacana *Meme* Basa Jawi.

F. Paedahing Panaliten

Saking asiling panaliten menika kaangkah saged migunani tumrap sedaya tiyang. Kangge *kreator*, panaliten menika minangka gambaran panyeratan

fonologis ing wacana meme basa Jawi kanthi leres. Panaliti ugi anggadhahi pangajab, saking panaliten menika supados kangge garaning seratan wacana *meme* basa Jawi supados boten kathah lepatung panyeratan *fonologis*. Sokur bage boten dipunprangguli malih lepatung *fonologis* ing *meme* basa Jawi.

G. Pangertosan

Supados boten wonten lepatung pamanggih jumbuh kaliyan irah-irahanipun, mila panyerat mahyakaken pangertosan ing ngandhap menika.

1. *Analisis* minangka cara panaliten gayut prakawis langsung ingkang kaprangguli ing *data*, Sudaryanto (lumantar Muhammad, 2011: 222), ing panaliten menika ngrembag *analisis* kalepatan.
2. *Analisis* kalepatan inggih menika salah satunggal *proses* ingkang adhedhasar ing *analisis* kalepatan tiyang ingkang saweg sinau bab *objek* ingkang jelas (Hastuti, 2003:77). Miturut Crystal (lumantar Pateda, 1989: 32) bilih *analisis* kalepatan, inggih menika *teknik* kangge *mengidentifikasi*, *mengklasifikasikan*, saha *menginterpretasikan* kanthi *sistematis* kalepatan-kalepatan ingkang katindakaken dening tiyang ingkang saweg sinau basa *asing* utawi basa ingkang kaping kalih kanthi panganggening *teori-teori* saha *prosedur-prosedur* jumbuh kaliyan *linguistik*. Panaliten menika ingkang karembag namung winates ing kalepatan *fonologis*.
3. *Analisis* kalepatan *fonologis* inggih menika cara *mengidentifikasi* kalepatan nalika nglesanaken basa miturut ilmu *linguistik* ingkang saged andadosaken bedaning makna. Miturut Tarigan (1990: 198), kalepatan *fonologis* ing *ejaan* inggih menika kalepatan nyerat tembung utawi kalepatan panganggening

tandhawaos. Kalepatan *ejaan* minangka lepat anggenipun nyerat tembung, mila nerak pathokaning seratan basa Jawi baku utawi saged nuwuhaken bedaning makna. Panaliten menika namung winates bab kalepatan *fonologis*, ingkang dipunprangguli ing wacana meme basa Jawi.

BAB II **GEGARAN *TEORI***

A. *Andharan Teori*

Basa inggih menika pirantos ingkang baku kangge *komunikasi* ing pagesangan. Basa kangge ngandharaken menapa kemawon unek-unek ing lebeting manah tiyang. Anggenipun ngandharaken unek-unek utawi gagasan saged mawi seratan. Miturut Hastuti (2003: 99), basa inggih menika salah satunggaling *sistem*, *sistem* menika dipunprangguli saking *sistem* pikiranipun saben tiyang. Panganggening basa boten mesthi leres, wonten ugi ingkang nyebal. Basa ingkang nyebal menika minangka kalepatan basa.

Kalepatan basa ing masarakat minangka prakawis ingkang limrah, nanging kalepatan menika sampun ngantos ngrembaka. Kalepatan menika kedah dipunleresaken kanthi cara ngrembakakaken kaprigelan jumbuh kaliyan *kaidah* basa (Rahmadi, 2017: 161).

Miturut Supriyadi (1986: 1.4) kalepatan basa minangka nerak wujuding basa saking paugeran, mila nyigeg anggenipun *komunikasi*. Saking kalepatan basa, ngandhap menika kaandharaken *analisis* kalepatan basa.

Miturut Crystal (lumantar Rahmadi, 2017: 201), *analisis* kalepatan basa inggih menika cara *mengidentifikasi*, *mengklasifikasi*, saha *menginterpretasi* kanthi *sistematis* sedaya lepating siswa nalika sinau basa *asing* kanthi *teori* ingkang wonten, gayutanipun kaliyan basa. Miturut Corder (lumantar Rahmadi, 2017: 201), *analisis* kalepatan basa minangka salah satunggaling *proses*. Saking *proses* menika, salajengipun Corder ngandharaken cara *analisis proses*. Cak-

cakaning *proses* kangge panaliten *analisis* kalepatan basa inggih menika: (1) milah *korup* basa, (2) mangartosi kalepatan ing *korup*, (3) mantha kalepatan, (4) ngandharaken kalepatan, saha (5) *evaluasi* kalepatan. Kejawi *analisis* kalepatan basa, wonten ugi *istilah* sanes ing *wilayah* kalepatan basa, inggih menika *Lapses*, *Error*, saha *mistake*.

Miturut Corde (lumantar Pranowo, 1996:51), (i) *lapses* inggih menika kalepatan basa amargi panutur alih cara saderengipun sedaya ukara dipunandharaken, ing basa sinerat *istilah* jinising kalepatan menika “*slip of the pen*”, (ii) *error* inggih menika kalepatan basa amargi panutur nerak paugeran tata basa, (iii) kalepatan (*mistake*) inggih menika prakawis ingkang nyebal amargi panutur boten saged nemtokaken panganggening pamanggih ingkang trep jumbuh kaliyan swasana ingkang wonten. Saking pamanggihipun Corde menika gayut kaliyan kalepatan basa, kacihna bilih wontenipun bab ingkang nyebal.

Tataran basa ingkang nyebal saged kapanggihaken ing bukunipun (Rahmadi). Wonten ing buku menika kaandharaken wujud-wujud kalepatan ing mapinten-pinten *disiplin ilmu*. Burt, Dulay, saha Kaeshen (lumantar Rahmadi, 2017: 205), ngandharaken *wilayah (taksonomi)* kalepatan basa dados kalepatan utawi boten sengaja (*kekhilafan*). *Wilayah taksonomi* kalepatan kasebut, inggih menika (i) *Taksonomi Kategori linguistik*, (ii) *Taksonomi Kategori Strategi Performasi*, (iii) *Taksonomi Kategori Komparatif*, (iv) *Taksonomi Kategori Efek Komunikasi*.

Amargi panaliten menika ngrembag bab kalepatan basa ing tataran *fonologis*, mila *wilayah* lepatang basa jumbuh ing *Taksonomi Kategori Linguistik*.

Taksonomi Kategori Linguistik ngandharaken kalepatan andhedhasar *komponen* basa saha ajeging (*konsisten*) basa. Adhedhasar *komponen* basa *wilayah* kalepatan kaperang dados sakawan. Ngandhap menika kaandharaken *komponen* basa *wilayah* kalepatan.

- a. Kalepatan tataran *fonologis*.
- b. Kalepatan tataran *morfologi* saha *sintaksis*.
- c. Kalepatan tataran *semantik* saha tembung.
- d. Kalepatan tataran wacana.

Saking sakawan kalepatan ing nginggil, dipunandharaken ngandhap satunggal baka satunggal *taksonomi* kalepatan miturut *komponen* basa supados langkung cetha.

a. Kalepatan tataran *fonologis*

Miturut Pateda (1989: 50), kalepatan *fonologis* sesambetan kaliyan nglisanaken saha panyerating *fonem*. Taksih kathah panyerating *fonem* basa Jawi salah satunggaling menika wacana *meme* basa Jawi. Tuladhanipun kalepatan panyerating *fonem* ing wacana “menang rupa kalah japa pancen cuwo”. (Saking *blog*: <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>). Kalepatan *fonologis* ing tembung **cuwo** menika mapan ing pungkasaning wanda kaping kalih. *Fonem* /ɔ/ ingkang kaserat **o** menika andadosaken bedaning makna. Tembung **cuwo**, maknanipun cowek ageng. Miturut *konteks* ing wacana kasebut, tembung ingkang pas, inggih menika tembung **cuwå**. Tembung **cuwå** maknanipun boten keturutan menapa ingkang

dados pangajabipun. Bab kalepatan tataran *fonologis* menika ingkang karembag ing panaliten menika.

b. Kalepatan tataran *morfologi* saha *sintaksis*

Miturut Pateda (1989: 53), kalepatan ing tataran *morfologi* gayut kaliyan tatanan wujud tembung. Kalepatan ing tataran *morfologi* gayut *drevasi*, *diksi*, *kontaminasi*, saha *pleonasmé*. Sedaya menika gayut ugi kaliyan *kosa kata*.

Miturut Pateda (1989: 58), kalepatan ing tataran *sintaksis* gayut kaliyan kalepatan ing tataran *morfologi*, amargi ukara kadadosan saking reroncening tembung. Mila saking menika kalepatan *sintaksis* gayut kaliyan (i) ukara *berstruktur* boten baku, (ii) ukara ingkang ambigu, (iii) ukara ingkang kirang jelas, (iv) *diksi* ingkang boten trep nalika dados ukara, (v) *kontaminasi* ukara, (vi) *koherensi*, (vii) ukara *mubadzir*, (viii) tembung *serapan* ingkang dipunangge ing ukara, saha (ix) *logika* ukara.

c. Kalepatan tataran *semantik* saha tembung

Lyons (lumantar Pateda, 1989: 60), ngandharaken *semantics is generally defined as the study of meaning*, ingkang maknanipun *semantik* minangka *studi* bab makna. Miturut Poerwadarminta (lumantar Pateda, 1989: 62), kalepatan *semantik* gayut kaliyan makna tembung saha trep anggenipun nyerat tembung ing wacana.

d. Kalepatan tataran wacana

Prakawis kalepatan wacana menika kapendhet saking *blog*: http://lolyfatimah.blogspot.com/2014/11/analisis-kesalahan-berbahasa-tataran_32.html. Ing *blog* kasebut dipunandharaken bilih kalepatan wacana

menika kaperang dados 3, inggih menika kalepatan ing *koherensi*, kiranging wacana ingkang *efektif* amargi boten wonten *pelesapan*, lepat anggenipun ngginakaken *konjungsi*.

Saking sakawan kalepatan ing *wilayah Taksonomi Kategori Linguistik* wonten nginggil boten sedaya karembag ing panaliten menika. Panaliten menika mligi ngrembag ing kalepatan tataran *fonologis*. *Objek* panaliten lepat ing *fonologis* menika ing wacana meme basa Jawi. Ngandhap menika dipunandharaken kalepatan *fonologis* saking pangertosan, jinis kalepatan, lan sapanunggalanipun.

B. Kalepatan Fonologis

Miturut Tarigan (1990: 198) kalepatan *fonologis* ing *ejaan* inggih menika kalepatan nyerat tembung utawi kalepatan panganggening tandha waos. Kalepatan *ejaan* minangka lepat anggenipun nyerat tembung saengga nerak saking pathokaning seratan basa Jawi baku utawi saged nuwuhaken bedaning makna.

Tarigan saha Suliastianingsih (Iumantar Rahmadi, 2017: 208) ngandharaken bilih kalepatan basa ing tataran *fonologis* antawisipun ewahing *fonem*, icaling *fonem*, panambahing *fonem* saha ewahing *fonem diftong* dados *fonem tunggal*.

Tuladha lepat ing basa ing tataran *fonologis* kados ngandhap menika.

a) *Fonem* /ɔ/ kaserat **o**

Lepating seratan *fonem* menika kadadosan ing wacana “iso nembang ra iso nyuling,...”. Tembung **iso** ing wacana nginggil boten pas. Miturut *konteks*,

tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **iså**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **iså** maknanipun bisa utawi saged.

Tembung **iso** miturut bausastra basa Jawi maknanipun iwak usus. Dipuntingali saking maknanipun sampun beda, mila tembung ingkang pas utawi leres ing wacana meme basa Jawi nginggil inggih menika tembung **iså** sanes **iso**. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing wacana meme basa Jawi nginggil mapan ing pungkasan tembung.

Wacana nginggil kapendhet saking *blog* ing ngandhap menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>.

b) *Fonem* /a/ kaserat **o**

Panyerating fonem menika kadadosan ing wacana meme basa Jawi “saumpama kowe mangkat kerjone telat terus ditakoni bos kenapa telat...”. Tembung **kerjone** ing wacana kasebut boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas utawi leres menika tembung **kêrjané**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **kêrjané** maknanipun padamelanipun. Tembung **kêrjané** kadadosan saking tembung lingga **kêrjå**. Tembung kerja kadadosan saking *fonem* /k/, /e/, /r/, /j/, /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ kaserat **a**, kacihna bilih ketambahan panambang **-ne** mila seratan *fonem*ipun menika **kêrjané** sanes **kerjone**. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** ing wacana nginggil mapan ing pungkasan wanda kaping kalih.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhapa menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>.

c) *Fonem /a/ kaserat e*

Lepating seratan fonem menika kadadosan ing wacana meme basa Jawi “*kadang* niyatan sing apik urung mesthi ditangg_epi apik...” Tembung **ditangg_epi** ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana kasebut, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **ditangg_api**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **ditangg_api** maknaipun ditampi kanthi sae. Tembung **ditangg_api** kadadosan saking tembung lingga **tangg_ap** ingkang pikantuk wuwuhan sesarengan **di+-+i**.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhapa menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>.

d) *Fonem /i/ kaserat e*

Lepating seratan fonem menika kadadosan ing wacana meme basa Jawi “sing penting gaya dhisek...”. Tembung **dhisek** ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang leres menika tembung **dhisik**. Miturut basastra basa Jawi, tembung **dhisik** maknaipun rumiyin.

Tembung **dhisik** kadadosan saking *fonem* /d/, /i/, /s/, /i/, saha /k/, saengga menawi pikantuk panambang –e mila seratanipun dados **dhisike** sanes **dhiseke**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /i/ kaserat e* ing wacana nginggil mapan ing pungkasan wanda kaping kalih.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhap menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>.

e) *Fonem* /d/ kaserat **d**

Lepating seratan fonem menika kadadosan ing wacana meme basa Jawi “...isa nyawang ra isa nyanding”. Tembung **nyanding** ing wacana nginggil ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang leres menika tembung **nyandhing**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **nyandhing** maknanipun nyedhaki. Kalepatan *fonologis* ewahing fonem /d/ kaserat **d** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhap menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>.

f) *Fonem* /d/ kaserat **dh**

Lepating seratan fonem menika kadadosan ing wacana *meme* basa Jawi “penting menang gedhe tur dhawa”. Tembung **dhawa** ngewrat kalepatan ing wacana nginggil. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas inggih menika tembung **dawa**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **dawa** maknanipun panjang. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /d/ kaserat **dh** mapan ingwiwitan tembung.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhap menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>

g) *Fonem* /t/ kaserat **t**

Lepating seratan *fonem* menika kadadosan ing wacana meme basa Jawi “wong nek diapiki mesti bakal bales ngapiki”. Tembung **mêsti** ing wacana nginggil boten pas. Miturut *konteks*, ingkang pas menika tembung **mêsthi**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **mêsthi** maknanipun wis tetep.

Kacihna bilih tembung **mêsti** minangka tetembungan saking basa Indonesia. jumbuh kaliyan wacana nginggil ingkang migunakaken basa Jawi, mila tembung ingkang pas menika tembung **mêsthi**. Kalepatan ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih.

Wacana kasebut kapendhet saking *blog* ing ngandhap menika.

<https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&oq=meme&aqs=chrome>

Saking mapinten-pinten kalepatan *fonemik* menika kadayan saking panganggening *fonem* ing wacana sinerat, saha mapanipun *fonem* ingkang nerak saking paugeran. Kejawi wujud kalepatan wonten nginggil, ngandhap menika kaandharaken jinis-jinis kalepatan *fonologis*.

Miturut titikaning ewahan *fonem*, kalepatan *fonetis* kaperang mapinten-pinten jinis kalepatan jumbuh kaliyan *gejala* menika (Supriyadi, 1986: 2.13).

1. *Protetis*

Miturut kalepatan menika panganggening basa kanthi nambah fonem ing perangan wiwitan tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun tembung “*ing*” dados “*ning*”.

2. *Epentesis*

Wonten ing kalepatan menika panganggening basa kanthi nambah fonem tartamtu ing madyaning tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun “*upama*” dados “*umpama*”.

3. *Paragog*

Wonten ing kalepatan menika panganggening basa kanthi nambah fonem tartamtu ing perangan pungkasan tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun “*dudu*” dados “*duduk*”.

4. *Aferesis*

Wonten ing kalepatan menika panganggening basa kanthi nyuda fonem ing wiwitan tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun “*kakang*” dados “*kang*”.

5. *Sinkop*

Wonten ing kalepatan menika panganggening basa kanthi nyuda fonem ing madyaning tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun “*sethithik*” dados “*sithik*”.

6. *Apokop*

Wonten ing kalepatan menika panganggening basa kanthi nyuda fonem ing pungkasaning tembung, ingkang boten ngewahi surasaning tembung. Tuladhanipun “*temenan*” dados “*temen*”.

Kejawi miturut Supriyadi wonten nginggil, kalepatan fonetis kaandharaken ugi dening Sasangka (2001: 21-23) ing ngandhap menika.

7. *Metatesis*

Metatesis inggih menika ewahing fonem jalaran ijolan dununging fonem. Sanadyan wonten fonem ingkang pindhah papan, surasaning tembung boten ewah utawi ajeg. Tuladhanipun “*wira-wiri*” dados “*riwa-riwi*”.

8. *Disimilasi*

Disimilasi menika ewahing fonem jalaran wonten fonem ingkang sami. Fonem ingkang sami ing tembung kala wau lajeng dipundadosaken fonem sanes. Tuladhanipun “*lara-lara*” dados “*lara-lapa*”.

9. *Asimilasi*

Asimilasi menika ewahing fonem amargi dipunjumbuhaken kaliyan fonem sanesipun ing tembung. Tuladhanipun ing tembung umpama saha jumlah, tembung umpamane kalebet tembung ingkang kadadosan amargi *asimilasi*. Tembung umpamane saking tembung upama. Wontenipun *fonem /m/* ing tembung kasebut jalaran kadayan saking *fonem /p/* ingkang dumunung ing sisih tengenipun *fonem /m/*. Kejawi menika ugi ewahing tembung jumlah dados jumlah ugi kalebet *asimilasi*. Wontenipun *fonem /b/* ing tembung jumlah jalaran kadayan *fonem /m/* ingkang dumunung ing sisih kiwaning *fonem /b/*.

Saking pamanggih tigang *ahli* wonten nginggil bab wujud saha jinising kalepatan *fonologis*, saged kadamel dudutan minangka garan netepaken wujud saha jinis kalepatan ing panaliten menika. Ngandhap menika dudutan jinising kalepatan *fonologis* saking tigang *ahli*.

- i. Tambahing *fonem*, tambahing *fonem* menika kalebet jinis kalepatan *protetis* menawi tambahing *fonem* ing wiwitan tembung, *epentesis* menawi tambahing

fonem ing madya tembung, saha *paragog* menawi tambahing *fonem* ing pungkasan tembung.

- ii. Ical utawi sudaning *fonem*, sudaning *fonem* menika kalebet jinis kalepatan *afesis* menawi panganggening basa kanthi nyuda *fonem* ing wiwitan tembung, *sinkop* menawi panganggening basa kanthi nyuda *fonem* ing madyaning tembung, *apokop* menawi panganggening basa kanthi nyuda *fonem* ing pungkasaning tembung.
- iii. Ewahing *fonem*, ewahing *fonem* kalebet jinis *metatesis*, *disimilasi*, *asimilasi*, *non metatesis*, *non disimilasi* saha *non asimilasi*.

Kejawi menika, kangge garaning pangertosan supados anggenipun nyerat *fonem* boten lepat, mila panaliti nginakaken *acuan* ilmu fonem ingkang leres kangge *analisis data*. Ngandhap menika dipunandharaken paugeran *fonem* mliginipun ing basa Jawi.

a. *Fonem Basa Jawi*

Miturut Chaer (2009: 62) *fonemik* menika ngrembag *fonem* basa kanthi nggatosaken *fonem* kasebut minangka pambeda makna. Miturut Mulyani (2008: 45-46) *fonem* inggih menika salah satunggaling swanten alit ingkang saged nedahaken *kontras* makna. Miturut Muslich (2010: 77), *fonem* inggih menika *kesatuan* swanten paling alit wonten ing perangan basa kangge bedakaken makna. Jumbuh kaliyan pamanggihipun para ahli kasebut saged kadudut bilih *fonemik* inggih menika *fonem* ingkang saged ndayani bedaning makna.

Tuladha *fonemik* ingkang bedakaken makna, kados ing tembung **putu** tegesipun “wayah”, menawi **puthu** tegesipun nama patedhan, kekalihipun

nggadhahi makna ingkang beda. Bedanipun amargi tembung sepisan ing wiwitan wanda kaping kalih ngginakaken *fonem /t/*, dene tembung kaping kalih ngginakaken *fonem /t̚/*.

Saking tuladha kasebut, saged dipunmangertosi bilih ing basa Jawi saged dipunprangguli wontenipun *fonem /t/* lan *fonem /t̚/*. Kalih tembung ingkang anggadhahi setunggal bedaning fonem saha kekalih tembung kasebut anggadhahi makna ingkang beda dipunsebat *pasangan minimal*. Tegesipun kangge titikaning *identitas fonem* ing perangan basa dipunbetahaken wontenipun *pasangan minimal*.

Miturut Wedhawati, dkk (2010: 62) *fonem* inggih menika *satuan* basa paling alit ing tembung, ginanipun kangge bedakaken wujud saha makna. *Fonem* boten ngewrat makna, ingkang ngewrat makna inggih menika tembung ingkang *berunsur fonem-fonem*.

Miturut Wedhawati, dkk (2010: 62) *fonem* basa Jawi dipunbedakaken dados tiga inggih menika *fonem vokal, konsonan, saha semi vokal*. *Fonem* basa Jawi miturut *tinggi rendahnya* ilat dipunperang dados (1) *vokal tinggi*, umpaminipun [i, I, u, U], (2) *vokal madya*, umpaminipun [e, o], (3) *vokal rendah*, umpaminipun [a]. Miturut Chaer (2009: 70) *fonem konsonan* wonten ing basa Jawi cacahipun 23 inggih menika [b, p, m, w, f, d, t, n, l, r, z, s, ʃ, ñ, j, c, y, g, k, ŋ, x, h, ?]. *Fonem semi vokal* ing basa Jawi inggih menika [w, y].

a) Vokal Basa Jawi

Miturut Mulyani (2008: 46-47) dipunandharaken bilih wonten ahli ingkang medharaken basa Jawi anggadhahi enem *vokal*, mila miturut *vokal* [a]

angadhahi kalih alofon. Kalih alofon menika *vokal* [a], saha *vokal* [ɔ] ingkang dipunandharaken ahli sanesipun bilih alofon menika minangka kalih *fonem* ingkang beda. Kacihna bilih [a] lan [ɔ] minangka *fonem* ingkang beda katitik saking *pasangan minimal* menika.

/babak/ [babaʔ] ‘luka lecet’ >< /babak/ [bɔbɔʔ] ‘lumur’

/bobok/ [boboʔ] ‘tidur’ >< /babak/ [bɔbɔʔ] ‘lumur’

Miturut Sasangka lumantar Mulyani (2008: 47) bilih salah satunggal tiyang ingkang ngandharaken *vokal* basa Jawi wonten pitu. Adhedhasar panaliten ingkang dipunlampahi, *vokal* basa Jawi cacahipun pitu. Saking pitu *vokal fonem* menika /i/, /e/, /a/, /ə/, /u/, /o/, saha /ɔ/.

1. *Fonem* /a/

Fonem /a/ kalebet *vokal* andhap, ngajeng, boten *bulat* saha *terbuka*. *Fonem* /a/ menika wonten ing basa Jawi kerep dipunsebat *vokal a miring*. *Vokal* menika mapan wonten ngajeng wanda, pungkasan wanda sepisan, wonten madya wanda, saha ing pungkasan tembung. Miturut basa Jawi, *fonem* /a/ saged mapan wonten pungkasaning tembung, kados tembung “ora”. Tuladha tembung ingkang migunakaken *fonem* /a/ kadosta /ambu/ [ambu], /aku/ [aku], /alas/ [alas].

2. *Fonem* /ɔ/

Fonem menika kalebet *vokal* andhap, netral lan *terbuka*. *Fonem a* menika ing basa Jawi dipunsebat /a/ *jejeg*. *Vokal* /a/ *jejeg* menika mapan wonten ngajeng tembung, pungkasan wanda sepisan, madya wanda tembung, saha ing pungkasan tembung. Tuladhanipun /amba/ [ɔmbɔ], /ala/ [ɔlɔ], /tamba/ [tɔmbɔ].

3. *Fonem /i/*

Fonem /i/ minangka *vokal* inggil, ngajeng boten *bulat* saha *tertutup*. *Vokal* menika anggadhahi kalih *alofon* inggih menika [i], lan [I]. *Vokal /i/* menika mapan wonten ngajeng wanda, wonten pungkasan wanda sepisan, wonten madya wanda, saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /ilang/ [ilaŋ], /iwak/ [iwa?], /kaping/ [kapIŋ], /sing/ [sIŋ].

4. *Fonem /u/*

Fonem /u/ minangka *vokal* inggil, wingking netral, saha *tertutup*. *Vokal /u/* menika anggadhahi kalih *alofon*, inggih menika [u] lan [U]. *Fonem* menika mapan wonten ngajeng tembung, pungkasan wanda sepisan, madya wanda saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /upa/ [upɔ], /uga/ [ugɔ], /bakul/ [bakUI], /puluk/ [pulUk].

5. *Fonem /ə/*

Fonem menika *vokal* madya, madya, boten *bulat* saha *semi tertutup*. *Vokal* menika mapan wonten ing ngajeng tembung, pungkasan wanda sepisan, madya wanda, saha boten wonten *vokal /ə/* mapan ing pungkasan tembung. *Vokal* menika dipunsebat *vokal /ə/* pepet. Tuladhanipun /eri/ [əri], /elus/ [əlUs], /gela/ [gəlɔ].

6. *Fonem /e/*

Fonem menika kalebet *vokal* madya, ngajeng, boten *bulat*, saha *semi tertutup*. *Vokal* menika anggadhahi kalih *alofon*, inggih menika /e/ saha /ɛ/, ingkang saged mapan wonten ngajeng tembung, pungkasan wanda kapisan, madya wanda, saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /sare/ [sare], /ember/ [emɓɛr], /keri/ [keri].

7. *Fonem /o/*

Fonem /o/ minangka *vokal* madya, wingking, *bulat*, saha *semi terbuka*. *Vokal* menika mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, madya wanda saha pungkasan tembung. *Fonem* menika anggadhahi kalih *alofon* inggih menika /o/ lan /ɔ/. Tuladhanipun /coro/ [coro], /loro/ [loro], /omong/ [ɔmɔŋg], /oli/ [ɔli].

8. *Vokal Rangkep*

Vokal rangkep inggih menika pangginakakan kalih *vokal* ingkang beda. *Vokal* rangkep menika asring dipunangge ing basa Jawi resmi, panganggening menika namung ing basa Jawi *santai*. *Vokal* rangkep menika ginanipun kangge bangetaken makna. Tuladhanipun /uelek/ [u^wɛlɛʔ], /guedhe/ [gu^wɖe], /uabang/ [u^wabaŋ].

Wonten ugi dialek ingkang boten ngangge *vokal* rangkep, namung ngangge variasi vokal. Tuladhanipun /elik/ [ɛliʔ], /gedhi/ [gɛɖi], /abing/ [abiŋ].

b) *Fonem Konsonan Basa Jawi*

Miturut Mulyani (2008: 53) *fonem* basa Jawi adhedhasar piranti wicaranipun wonten mapinten-inten jinis. Ngandhap menika kaandharaken kanthi jangkep *fonem* saha jinising konsonan.

1. *Fonem /p/*

Fonem /p/ menika kalebet konsonan *hambat letup bilabial* boten *bersuara oral*. *Fonem* menika mapan ing wiwitan wanda sepisan, wiwitan wanda kaping kalih, saha pungkasaning tembung. Tuladhanipun /pupus/ [pupUs], /papa/ [pɔpɔ], /lapis/ [lapIs], /kekep/ [kɛkɛp].

2. *Fonem /b/*

Fonem /b/ minangka konsonan *hambat letup bilabial bersuara oral*. *Fonem* menika mapan ing wiwitan wanda sepisan, mapan ing wiwitan wanda kaping kalih, saha mapan ing pungkasan tembung. Tuladhanipun /bali/ [bali], /balung/ [balUŋ], /aba/ [ɔbɔ], /rebab/ [rɔbab].

3. *Fonem /m/*

Fonem /m/ minangka konsonan *nasal bilabial*, lan sedaya konsonan *nasal* kalebet konsonan *bersuara*. *Fonem* menika mapan ing wanda sepisan saha kalih kejawi menika ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun /mala/ [mɔlɔ], /rami/ [rami], /siram/ [siram].

4. *Fonem /w/*

Fonem menika minangka *semi-vokal labio-dental, bersuara luncur, fonem* menika mapan ing wiwitan wanda. Tuladhanipun /waja/ [waja], /walang/ [walan], /kawah/ [kawah], /tuwa/ [tuwɔ].

5. *Fonem /t/*

Fonem /t/ minangka konsonan *hambat letup apiko-dental boten bersuara oral*. *Fonem* menika mapan ing wiwitan wanda sepisan saha kalih, kejawi menika mapan ing pungkasan tembung. Tuladhanipun /tata/ [tɔtɔ], /betah/ [bɔtah], /putu/ [putu], /semut/ [sɔmUt], /katut/ [katUt]

6. *Fonem /d/*

Fonem menika kalebet konsonan *hambat letup apiko-dental bersuara oral*. *Fonem* menika mapan ing wiwitan wanda sepisan, wiwitan wanda kaping kalih

saha ing pungkasan tembung. Tuladhanipun /dadi/ [dadi], /dina/ [dina], /udur/ [udUr], /budi/ [budi], /abad/ [abad], /bebed/ [bəbəd].

7. *Fonem /n/*

Fonem /n/ menika kalebet konsonan nasal apiko-alveolar bersuara. Fonem menika mapan ing wiwitan wanda saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /nama/ [nɔmɔ], /rana/ [rɔnɔ], /aran/ [aran], /lawan/ [lawan].

8. *Fonem /l/*

Fonem /l/ minangka konsonan sampingan apiko-alveolar bersuara oral. Fonem menika mapan ing wiwitan wanda, konsonan kaping kalih wonten ing klaster saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /lega/ [lɛgɔ], /alon/ [alɔn], /glali/ [glali], /klana/ [klana], /tutul/ [tutul], /kadhal/ [kaɖal].

9. *Fonem /r/*

Fonem /r/ minangka konsonan getar apiko-alveolar bersuara oral. Konsonan menika mapan ing wiwitan wanda, madya wanda terbuka saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /rina/ [rinɔ], /arang/ [araŋ], /kramun/ [kramun], /elar/ [ɛlar], /mulur/ [mulUr].

10. *Fonem /t/*

Fonem /t/ minangka konsonan hambat letup apiko-palatal boten bersuara oral. Konsonan menika mapan ing wiwitan wanda. Tuladhanipun /thukul/ [tʰukUI], /kathah/ [kaɖah], /pathi/ [paɖi].

11. *Fonem /d/*

Fonem /d/ minangka fonem konsonan letup apiko-dental bersuara oral. Konsonan menika mapan ing wiwitan wanda. Tuladhanipun /dhuku/ [duku], /dhakon/ [dakon], /wedhi/ [wədi], /padha/ [paða].

12. *Fonem /s/*

Fonem menika minangka konsonan geseran lamino-alveolar boten bersuara oral. Fonem menika mapan ing wiwitan wanda saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /sutra/ [sutrɔ], /sega/ [səgɔ], /pasa/ [pɔsɔ], /ules/ [uləs], /atus/ [atUs].

13. *Fonem /c/*

Fonem /c/ menika kalebet konsonan hambat letup medio-palatal boten bersuara oral. Konsonan menika mapan ing wiwitan wanda. Tuladhanipun /coro/ [coro], /kucing/ [kucɪŋ], /reca/ [rɛcɔ].

14. *Fonem /j/*

Fonem menika kalebet konsonan hambat letup medio-palatal bersuara oral. Fonem menika mapan ing wiwitan wanda, ing wanda sepisan menapa wanda kaping kalih. Tuladhanipun /jiwit/ [jiwɪt], /aja/ [ɔjɔ], /keju/ [kəju].

15. *Fonem /ñ/*

Fonem menika kalebet konsonan nasal medio-palatal bersuara. Konsonan menika mapan ing wiwitan wanda. Tuladhanipun /nyata/ [ñɔtɔ], /banyu/ [bañu].

16. *Fonem /y/*

Fonem menika kalebet *semi vokal medio-palatal luncuran bersuara*, ingkang mapan ing wiwitan wanda saha madya wanda. Tuladhanipun /yoga/ [yogɔ], /kayu/ [kayu], /kaya/ [kɔyɔ], /kyai/ [kyai].

17. *Fonem /k/*

Fonem menika kalebet konsonan *hambat letup dorso-velar* boten bersuara oral, *fonem* menika mapan ing wiwitan wanda, wiwitan wanda sepisan saha wanda pungkasan. Wonten pungkasaning *fonem* kasebut dipunlesanaken minangka *glotal stop*. Tuladhanipun /kaku/ [kaku], /aku/ [aku], /saka/ [sɔkɔ], /papak/ [papa?], /ajak/ [aja?].

18. *Fonem /g/*

Fonem /g/ kalebet konsonan *hambat letup dorso-veral* bersuara oral, *fonem* menika mapan ing wiwitan tembung saha ing pungkasaning tembung. Wonten pungkasaning tembung menika, *fonem /g/* anamung winates ing tembung tartamtu. Tuladhanipun /galih/ [galɪh], /gulu/ [gulu], /lega/ [lɛgɔ], /dedeg/ [dɛdɛg], /saweg/ [sawɛg].

19. *Fonem /ŋ/*

Fonem /ŋ/ kalebet konsonan *nasal dorso-veral* ingkang mapan wonten wiwitan wanda, ing wanda sepisan utawi wanda kaping kalih saha pungkasan tembung. Tuladhanipun /ngaya/ [ŋɔyɔ], /lenga/ [lɛŋa], /seneng/ [sɛnɛŋ], /lawang/ [lawɔŋ].

20. *Fonem /h/*

Fonem /h/ kalebet *konsonan geseran laringal*, *konsonan* menika mapaning wiwitan wanda, wanda sepisan utawi wanda kaping kalih saha ing pungkasaning tembung. Tuladhanipun /hawa/ [hɔwɔ], /tahu/ [tahu], /dhahar/ [dahar], /jajah/ [jajah], /tatah/ [tatah].

c) ***Konsonan Rangkep***

Miturut Mulyani (2008: 65) *konsonan rangkep* inggih menika panganggening kalih *konsonan* utawi langkung ingkang beda, ananging wonten satunggal wanda ingkang urut. *Konsonan rangkep* menika dipunsebat *gugus konsonan* utawi *klaster*. Basa Jawi *Klaster* awujud saperangan *fonem* inggih menika *fonem /r/, /l/, saha /w/*.

Fonem ingkang saged dipunsarengi *fonem /r/* kangge mujudaken klaster antawisipun *fonem /p, b, m, w, t, d, b, s, c, j, k, saha g/*. *Fonem* basa Jawi ingkang dipunsarengi *fonem /l/* kangge mujudaken klaster, antawisipun *fonem /p, b, t, d, s, c, j, k, saha g/* kejawi menika *fonem* basa Jawi ingkang saged dipunsarengi *fonem /w/* kangge mujudaken klaster antawisipun *fonem //d, l, c, k, lan s/*. Tuladhanipun tembung driji /dr/, mripat /mr/, dingklik /kl/, graji /gr/, bledug /bl/, srengenge /sr/, klekaran /kl/, mlaku /ml/, mlayu /ml/, ngliwet /ngl/, klasa /kl/.

Saking *teori-teori* ing nginggil minangka garaning *analisis kalepatan fonologis*. Ngandhap menika dipunandharaken *parameter fonem* basa Jawi, miturut jinising *fonem*, mapanipun *fonem* saha panyeratan *fonem*.

Tabel 1 Parameter ewahing fonem basa Jawi

No.	Fonem basa Jawi	Seratan fonem basa Jawi (grafemipun)	Mapaning fonem	panyeratan fonem
1.	/a/	a	Pungkasan wanda kaping kalih	donga'akên
			Wiwitan tembung	Anané
2.	/ɔ/	a	Wiwitan tembung	âpâ
3.	/i/	i	Pungkasan wanda kaping kalih	Urip
4.	/u/	u	Tengah tembung	Tur
5.	/e/	e	Tengah tembung	Nèk
6.	/o/	o	Pungkasan wanda sepisan	ndongâ
7.	/d/	d	Wiwitan wanda kaping kalih	mêdal
8.	/t/	th	Wiwitan tembung	thok
9.	/ḍ/	dh	Wiwitan tembung	dhuwit
10.	/s/	s	Wiwitan tembung	syarat <= sarat

Tabel 2 Parameter tambahing fonem basa Jawi

No.	Fonem basa Jawi	Seratan fonem basa Jawi (grafemipun)	Mapaning Fonem	Panyeratan fonem
1.	/e/	e	Pungkasan wanda sapisan	cêrèwèt
2.	/m/	m	Wiwitan tembung	mbotên
			Pungkasan wanda sapisan	umpâmâ
3.	/k/	k	Pungkasan wanda sapisan	sakdurungé
			Pungkasan tembung	rak

Tabel 3 Parameter ical utawi sudaning fonem basa Jawi

No.	Fonem basa Jawi	Seratan fonem basa Jawi (grafemipun)	Mapaning Fonem	Panyeratan fonem
1.	/w/	w	Wiwitan wanda kaping kalih	kuwatir
2.	/y/	y	Wiwitan wanda kaping tiga	sampéyan

C. Panaliten ingkang Gayut

Panaliten ingkang gayut inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Devi Indrasari taun 2015 ingkang asesirah *Analisis Kesalahan Fonologis Pada Karangan Berbahasa Jawa Siswa Kelas III SD Negeri Kotagede 5 Yogyakarta*. Saged dipundadosaken acuan ing panaliten menika amargi sami-sami panaliten bab *linguistik* mliginipun kalepatan *fonologis*. Panaliten ingkang dipuntindakaken Devi menika awujud tugas akhir skripsi ingkang ngrembag bab panyerating fonem.

Panalitenipun Devi ngrembag bab tata caranipun nyerat karangan ingkang leres miturut *fonologis* basa Jawi. *Datanipun* kalepatan *fonologis* ing karangan, dene *objek* panalitenipun siswa kelas III SD Negeri Kotagede 5 Yogyakarta. *Data* ing panaliten menika kalepatan *fonologis* ing meme basa Jawi, dene *sumber data* sakng *internet*.

D. Nalaring Pikir

Miturut Corde (lumantar Pranowo, 1996: 51), kalepatan minangka prakawis ingkang nyebal amargi panutur boten saged nemtokaken panganggening

ungkapan ingkang trep jumbuh kaliyan swasana ingkang wonten. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Corde, bilih kalepatan menika ing *lingkup* basa.


Ing panaliten menika *objek analisis* kalepatanipun *objek linguistik*. *Objek linguistik* inggih menika basa. Miturut Burt, Dulay, saha Kaeshen (lumantar Rahmadi, 2017: 205), ngandharaken *taksonomi* kalepatan miturut *komponen* basa. ngandhap menika wonten sakawan *taksonomi* kalepatan miturut *komponen* basa.

1. Kalepatan tataran *fonologis*.
2. Kalepatan tataran *morfologi* saha *sintaksis*.
3. Kalepatan tataran *semantik* saha tembung.
4. Kalepatan tataran wacana.

Saking sakawan rantamaning kalepatan kasebut, ingkang dipunrembag ing panaliten menika namung ing *aspek fonologis*, mliginipun panganggening fonem ing wacana meme basa Jawi. Miturut Supriyadi (1986: 2.13), kalepatan *fonetis* kaperang mapinten-pinten jinis kalepatan, inggih menika panambaing fonem, panyudaning fonem, saha ewahing fonem.

Panaliten menika, *objek* ingkang karembag inggih menika wacana meme basa Jawi. Wonten ing *meme* menika taksih kathah wacana ingkang lepat ing *aspek fonologis*, mila nuwuhaken kawigatosan nindakaken panaliten bab kalepatan *fonologis*.

Bagan 1 Nalaring Pikir



BAB III

CARA PANALITEN

A. Cara Panaliten

Jinising panaliten menika ngginakaken *metode deskriptif*. Miturut Best (lumantar Sukardi, 2013: 117) panaliten *deskriptif* minangka *metode* panaliten ingkang nggambaraken saha *menginterpretasi objek*, jumbuh kaliyan menapa wontenipun.

Panaliten menika minangka *analisis* kalepatan *fonologis* ing wacana meme basa Jawi. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif* amargi ingkang dipuntliti wujud *datanipun* kalepatan *fonologis*. Anggenipun ngandharaken *data* menika mawi tetembungan supados pikantuk *analisis data* ingkang cetha saha kathah maknaipun.

B. Data lan Sumber Data

Data ing panaliten menika wujudipun tembung saking wacana meme basa Jawi ingkang ngewrat kalepatan *fonologis*. Sumber *data* inggih menika *subjek* pikantuking *data* (Suharsimi, 2002: 107). *Data* ing panaliten menika kapendhet saking *internet* inggih menika wacana meme basa Jawi. Kathahing wacana meme basa Jawi ingkang dipunpendhet kangge panaliten menika kirang langkung 52 wacana meme basa Jawi. Saben wacana menika ngewrat mapinten-pinten lepatan seratan fonem, ingkang saged andadosaken gesehing makna ugi.

Blog meme basa Jawi ingkang dipununduh saking *internet* inggih menika.

- i. <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>,

- ii. <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>, saha
- iii. https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAAdwQsAR6BAgKEAE.

Blog menika minangka sumber pikantuking *data* panaliten. Ing *blog* menika kathah wacana meme basa Jawi ingkang taksih lepat saking tataran *fonologis*. Ing *blog* nomer (i) ngewrat 29 wacana meme basa Jawi, ananging namung kapendhet 14 wacana amargi sanesipun ngginakaken seratan basa Indonesia, saha wonten wacana ingkang sampun leres panyeratipun *fonologis*. Ing *blog* nomer (ii) ngewrat 61 wacana meme basa Jawi, ananging namung kapendhet 33 amargi ingkang sanes sampun leres panyeratipun saking tataran *fonologis*, wonten ugi wacana mawi basa Indonesia, saha wacana ingkang pancen kangge plesedan. Ing *blog* nomer (iii) ngewrat 18 wacana, ananging namung kapendhet 5 amargi wonten wacana ingkang sampun leres panyerating *fonologis*, wonten ugi wacana mawi basa indonesia, saha kathah wacana ingkang saru.

C. Pirantos Panaliten

Miturut Suharsimi (lumantar Riduwan, 2002: 24), *instrumen* ngempalaken *data* inggih menika piranti ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken *data* kasebut dados *sistematis* saha langkung gampang. Panaliten menika, pirantos kangge ngempalaken *data* inggih menika panaliti piyambak. Adhedhasar teori, panaliti saged netepaken lepating *fonologis* ing wacana meme basa Jawi.

Panaliti ngundhuh wacana meme basa Jawi ing *internet* ingkang ngewrat lepat ing seratan miturut pathokaning *fonologis*. Sasampunipun kaundhuh, lajeng dipunpantha-pantha miturut lepat ing fonem saha jinis kalepatanipun.



D. Metode Ngempalaken Data

Miturut Riduwan (2002: 24) *metode* ngempalaken *data* inggih menika *teknik* ingkang dipunginakaken nalika panaliten kangge ngempalaken *data*. *Data* ing panaliten menika kanthi ngundhuh saking *internet*.

Metode ingkang dipunangge ing panaliten menika *metode simak baca*. *Metode simak* inggih menika cara ngempalaken *data* kanthi *memaksimalkan pancaindra* (Muhammad, 2011: 168). Panaliten menika ngangge *metode simak* amargi *datanipun* awujud seratan. Miturut Sudaryanto (lumantar Muhammad, 2011: 207) ngandharaken bilih kangge nyimak *objek* panaliten katindakaken kanthi nyadhap. Miturut Muhammad (2011: 207) bilih kangge mrangguli *data* dipuntindakaken kanthi nyadhap panganggening basa sinerat. Basa sinerat ingkang dipunsadhap inggih menika wacana meme basa Jawi ingkang dipunundhuh saking *internet*. Panaliten menika ngangge *teknik cathet*. Sasampunipun nyathet, panaliti *mengklasifikasikan* utawi mantha-mantha, Sudaryanto (lumantar Muhammad, 2011: 211).

Panaliten menika dipunwiwiti kanthi ngundhuh wacana meme basa Jawi saking *internet*, salajengipun dipunwaos saking wacana ingkang ngewrat kalepatan *fonologis*. Sasampunipun kawaos, lajeng dipunpantha-pantha ing kartu *data* gayut kaliyan jinising kalepatan, fonem ingkang boten jumbuh kaliyan paugeran basa Jawi, saha mapanipun fonem ingkang lepat.

Tabel 4 Wujud Kartu Data Kalepatan Fonem ing Meme Basa Jawi

<p>Sumber: https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&safe=strict&client=ms</p>	
	<p>Nek omong ojo manis-manis mundak cangkeme dirubung semut.</p>
<p>Jinis kalepatan : ewahing fonem</p> <p>Fonem : /ɔ/ => o, wujuding tembung ojo <= aja</p> <p>Mapaning fonem : wiwitan tembung saha pungkasan wanda kaping kalih</p> <p>Kacihna bilih : lepatang tembung ojo boten wonten maknaipun, miturut <i>konteks</i> nginggil inggih menika tembung aja maknaipun sampun utawi boten kenging.</p>	
<p>Sumber: http://www.google.com/img</p>	
	<p>Seng penting gaya ndisek perkoro dwit mah gampang, golek utangan</p>
<p>Jinis kalepatan : ewahing fonem</p> <p>Fonem : /i/ => e, wujuding tembung séng <= sing</p> <p>Mapaning fonem : tengah wanda</p> <p>Kacihna bilih : lepatang tembung séng, miturut <i>konteks</i> nginggil inggih menika tembung sing maknaipun kang utawi sangka.</p>	

E. Teknik Analisis Data

Miturut Sudaryanto (2015: 148) *teknik analisis* ingkang sae inggih menika *teknik analisis* ingkang dipunangge saged nedahaken *kerja kaidah* kasebut nalika ngatur *fenomena lingual* tartamtu. *Teknik* menika ugi saged nedahaken jinising *kaidah* miturut anggenipun mantha jinis ingkang pundi. *Teknik* menika ugi saged ngandharaken pundi kemawon *kaidah* ingkang dipunprangguli kangge nemtokaken *kaidah* ingkang sanes. Miturut Patton (lumantar Muhammad, 2011: 221) *analisis data* minangka cara ngatur prakawis *data*, *mengorganisasikannya* ing *pola*, *kategori*, saha *satuan uraian dasar*.

Data ing panaliten menika *data* basa, inggih menika *data* kalepatan *fonologis* wacana meme basa Jawi. *Data* basa saged dipunanalisis kanthi *kualitatif* (Muhammad, 2011: 221). Sudaryanto (lumantar Muhammad, 2011: 222), *analisis* minangka panaliten langsung jumbuh kaliyan prakawis ingkang kaawrat ing *data*, kanthi ngandharaken prakawisipun.

Rantamaning *analisis data*:

- 1) maos kanthi permati saben wacana meme basa Jawi, saengga manggihi saha netepaken lepat ing fonem,
- 2) nemtokaken fonem ingkang lepat saha jinising kalepatan-kalepatan *fonologis* ing wacana meme basa Jawi,
- 3) nyerat ing *kartu data* wujud kalepatan *fonologis* wacana meme basa Jawi,
- 4) saking *kartu data* lajeng dipunpantha-pantha jumbuh kaliyan fonem ingkang lepat, mapaning fonem ingkang lepat, saha jinising kalepatan,

5) ngandharaken kalepatan saha damel dudutan jumbuh kaliyan asiling *analisis data*.

F. Validitas saha Reliabilitas

Panaliten menika supados langkung *akurat*, mila panaliti ngginakaken *validitas data* saha *reliabilitas data*. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep *validitas data* saha *reliabilitas data*.

1. Validitas data

Panaliten menika kangge ngrembakakaken saha *validitas data*, mila ngginakaken *triangulasi*. *Triangulasi teori* minangka sarana njumbuhaken asiling panaliten kaliyan *teori-teori* ingkang sampun wonten. *Data* dipunasilaken kanthi ngundhuh wacana meme basa Jawi saking *internet*.

Tuladha wacana meme basa Jawi kados ing ngandhap menika.

Gambar 2 Tuladha wacana meme basa Jawi



Sumber: <http://www.google.com/img>

Salah satunggal wacana meme basa Jawi wonten nginggil nedahaken bilih ing salah satunggal tembung **ndisek** menika minangka jinis kalepatan *protetis* miturut pamanggihipun (Supriyadi, 1986: 2.13). Kalebet kalepatan *fonologis*



ingkang jinisipun *protetis* amargi wonten panambahing fonem ing wiwitaning tembung.

Teori-teori ingkang dipunginakaken minangka *validitas* asiling penelitian menika teori kalepatan *fonetis* ingkang ngewrat mapinten-pinten jinis kalepatan (Supriyadi, 1986: 2.13). Kejawi menika ugi migunakaken teori kalepatan basa ing tataran *fonologis* antawisipun ewahing fonem, icaling fonem, saha ewahing diftong dados fonem tunggal, Tarigan lan Suliastianingsih (lumantar Rahmadi, 2017: 208).

2. Reliabilitas data

Data ingkang dipunrembag lajeng dipundadosaken *data* ingkang sah. Supados *data* ingkang dipunasilaken *reliabel* mila perlu dipuntingali ingkang saestu supados pikantuk data ingkang sami. Kalepatan *fonologis* ing wacana meme basa Jawi warni-warni, ananging ingkang kathah kalepatan inggih menika fonem /ɔ/ kaserat **o**. Prakawis kasebut kacihna ing mapinten-pinten wacana meme basa Jawi, kados ngandhap menika.

Tabel 5 Kalepatan *Fonologis* ing meme basa Jawi

	
<p>https://www.google.com/search?q=meme+bas+a+jawa&oq=meme&aqs=chrome.</p>	<p>http://www.google.com/img</p>

	
oraopoopoo.blogspot.com/2016/05/kalah-rupo-kalah-bondo-ora-opo-opo.html	https://www.google.com/search?q=meme+basa+jawa&safe=strict&client=ms

Saking tuladha nginggil dipunprangguli lepatung seratan ingkang sami saha kaambali saben wacana meme basa Jawi inggih menika fonem /ɔ/ kaserat **o**. Kacihna ing tembung **iså** kaserat **iso**, tembung **pêrkårå** kaserat **pêrkoro**, tembung **rupå** kaserat **rupo**, tembung **åpå- åpå** kaserat **opo-opo**, tembung **åjà** kaserat **ojo**. Lepating panyeratan fonem /ɔ/ kaserat **o** menika mesthi kaambalan ing saben wacana meme basa Jawi. Saking lepatung fonem ingkang sami saben wacana meme basa Jawi, saged dipundadosaken *data* ingkang *reliabel*.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Andharan Asiling Panaliten

Kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi minangka salah satunggal wujud lepat ing basa. Kalepatan basa inggih menika lepat panganggening basa amargi boten jumbuh kaliyan paugeran basa, ingkang dipunjarak menapa boten dipunjarak. Kalepatan ingkang dipunmaksud ing panaliten menika, wontenipun bab ingkang boten jumbuh antawisipun wacana *meme* basa Jawi kaliyan paugeran basa Jawi.

Adhedhasar asiling *analisis* wacana *meme* basa Jawi, kapanggihaken kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi. Kalepatan *fonologis* menika kaandharaken gayut kaliyan jinising kalepatan, *fonem* ingkang boten jumbuh kaliyan paugeran basa Jawi, saha mapanipun *fonem* ingkang lepat. Bab kasebut kaandharaken ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 6 Analisis Awal Kalepatan Fonologis ing *meme* basa Jawi

No.	Jinis Kalepatan	Fonem	Mapan	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Tambah ing <i>fonem</i>	/k/	Pungkasan wanda sapisan	<p>Takon lur... Misale pean nemu duwit sakméné kiro2 mok go ngopo?? saméné “semanten utawi padha karo iki => sakméné “-“ sa “ukuran utawi wektu” => sak “kanthongan”</p> <p>Di read tok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat sakdurungé diwoco? sadurungé “saderengipun” => sakdurungé “-“ sa + durung + é => sak + durung + é</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				sa “ukuran utawi wektu” => sak “kanthongan”
			Pungkas an tembung	Rak kober nyetatus seh playon mobat- mabit golek duit! Kanggo mbayar utang ra “ora” => rak “erak utawi planggrangan kanggo ngetus piring”
		/ə/	Pungkas an wanda sapisan	Percoyo opo ora., wong wedok seng cêrèwèt roto” bojone menengan. crèwèt “kakean omong” => cêrèwèt “-“
		/m/	Wiwitan tembung	Gusti, umpami sampun wonten jodo kagem kulo, kulo nyuwun mboten sah dangu angsalipun ngepanggihaken kaleh kulo, kersane kulo saget ngontrol nafsu kulo, lan tebihaken kulo saking godhanipun setan, amin.. botên “ora” => mbotên “-“
			Pungkas an wanda sapisan	Saiki aku lemu tapi mbiyèn tau ayu biyèn “wektu kang wis kepungkur suwe” => mbiyèn “-“
2.	Ical utawi Sudaning <i>fonem</i>	/w/	Wiwitan wanda kaping kalih	Senyum kui <i>ibadah</i> Wong edan pahalane akeh kuwi “punika utawi iku” => kui “-“ Sing tak jaluk kowe ojo kuatir , aku sing nglakoni aku sing ngrasakne kuwatir “sumelang” => kuatir “-“
			Wiwitan wanda kaping tiga	Bapaku tukang macul simboku buruh tandur opo gelem sampéan sampéyan “kowe” => sampéan “-“
		/y/	Wiwitan wanda kaping tiga	Bapaku tukang macul simboku buruh tandur opo gelem sampéan sampéyan “kowe” => sampéan “-“
3.	Ewahing <i>fonem</i>	/t/ dipun serat => t	Wiwitan tembung	Di read tok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat sakdurunge diwoco? thok “ora nganggo wuwuhan liyane” => tok “diwetokake”
			Wiwitan wanda kaping kalih	Biasane nek udan mêsti dalane teles.. iso tak titeni mêsthi “netepaken ing saderengipun utawi sampun tetep” => mêsti “-“

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, kadang yo clutak nyulihi bojone konco.. cluthak “nggragas utawi ngglathak” => clutak “-“
		/d/ dipun serat => d	Wiwitan tembung	Waktu adalah uang, yen kanca’mu mbok jak dolan ngomong raenek wektu brarti wonge ra ndue duwit dhuwit “sarananing urup-urupan kang diwujud ing chithakan tembaga” => duwit “-“ Wes bengi brow, wayahe wudhu, sholat isya, ndungo sedelo, trus udut sak util, keru déwé turu. dhéwé “piyambak utawi ijen” => déwé “-“
			Wiwitan wanda kaping kalih	Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, kadang yo clutak nyulihi bojone konco.. kadhang “kala-kala utawi bok menawa sok” => kadang “sedulur” Mbiyen jaman aku iseh cilik ndelok cah gedhe podu pacaran bareng saiki aku wis gedhe ndelok cah cilik podu pacaran Trus jatahku kapan? pådha “sami utawi nelakake akeh” => podu “-“
		/d/ dipun serat => dh	Wiwitan wanda kaping kalih	Kulo nyuwung tulung dateng panjenengan sami, dipun dongk’aken supados nomer togel kulo mêdhal . Mengke kulo tumbasne pulsa. Matur suwun njeh.. mêdal “metu” => mêdhal “-“
		/o/ dipun serat => o	Wiwitan tembung	Bapak ku kuli ibu ku buruh tani Opo koe gelem karo aku??? âpå “pitakon nakokake arane barang” => opo “-“

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				Semangat uis senen ojo melo wae âjâ “sampun utawi ora kena” => ojo “-“
			Pungkasan wanda sapisan	Sopo sing gelem mijet’i aku: Nek wedok: tak pek bojo Nek lanang: bojone tak pek sâpâ “tembung pitakon nakokake jenenge wong” => sopo “-“
				Wong Jowo keras gaes.. wetonmu ora pas hubunganmu kandas Jâwâ “pulo utawi tanah sing isih rada kawengku ratu Jawa” => Jowo “-“
			Tengah wanda sapisan	Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, kadang yo clutak nyulihi bojone konco .. kâncâ “mitra” => konco “-“
			Pungkasan wanda kaping kalih	Di read tok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat sakdurunge diwoco ? diwâcâ “dipunwaos utawi diunekake” => diwoco “-“ di + wâcâ => di + woco dipun + waos => dipun + “-“
				Pêrcoyo opo ora,, wong wedok seng cerewet roto” bojone menengan. pêrcâyâ “pitados utawi pitaya marang” => percoyo “-“
			Wiwitan wanda kaping tiga	Yen enek sing nggolek’i aku. Omongono yen aku lagi neng toilet dewean, ngising sambu curhat karo siwur omongânâ “akon ngandhani” => omongono “-“ omong + ânâ => omong + ono omong “kandha” + ana “diwujud” => omong “kandha” + ono “-“
			Pungkasan wanda kaping tiga	Kalo dia cuek brarti kui kode keras gek ndang minggat o !! minggatâ “nudhung lunga” => minggato “-“

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			Pungkas an tembung	Biasane nek udan mesti dalane teles.. iso tak titeni is _ǎ “bisa utawi saged” => iso “iwak usus”
				Witing tresno jalaran soko kulino, lunture tresno jalaran ono wong liyo!!! tresn _ǎ “asih utawi mulunging ati marang liyan” => tresno “-“
		/a/ dipun serat => k	Pungkas an wanda kaping kalih	Kulo nyuwung tulung dateng panjenengan sami, dipun dongk’aken supados nomer togel kulo medhal. Mengke kulo tumbasne pulsa. Matur suwun njeh.. donga’aken “nyuwun pamuji slamet” => dongk’aken “-“
		/a/ dipun serat => o	Wiwitan tembung	Dadi wong iku ora usah macem ² opo onone wae... Ono prawan ono rondo yo disikat... yo diambat... Ono bojone wong Yo dikongkon megat anane “nyatanipun” => onone “-“ ana “nyata” + ne => ono “-“ + ne
			Pungkas an wanda kaping kalih	Dadi wong iku ora usah macem ² opo onone wae... Ono prawan ono rondo yo disikat... yo diambat... Ono bojone wong Yo dikongkon megat anane “nyatanipun” => onone “-“ ana “nyata” + ne => ono “-“ + ne
		/i/ dipun serat => e	Tengah wanda kaping kalih	Jenenge urép mesti akeh cobaan yen akeh saweran kui jenenge dangdutan urip “gesang” => urép “-“
			Tengah tembung	Percoyo opo ora,, wong wedok séng cerewet roto” bojone menengan. s _{ing} “kang” => séng “wesi”

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				Wés suwe ing selaning ati, aku nyimpen kangen w _i s “sampun utawi rampung enggone tumindak” => w _e s “-“
		/e/ dipun serat => a	Tengah tembung	Nak jodo yo dadi bojo Nak gak jodo yo tak kondangan wae ambek nyumbang lagu kandas n _e k “yen utawi menawa” => n _a k “anak”
		/o/ dipun serat => u	Pungkas an wanda sapisan	Wes bengi brow, wayahe wudhu, sholat isya, ndungo sedelo, trus udut sak util, keru dewe turu. nd _o ng _a “memuji” => nd _u ng _a “-“ n “wujud kriya ingkang dipunlakeni” + d _o ng _a “memuji” => n “wujud kriya ingkang dipunlakeni” + d _u ng _o “-“
		/u/ dipun serat => o	Tengah tembung	Jebulane tresnamu koyo kali kang kebak larahan, mampet tor banjir t _u r “lan uga” => t _o r “dolanan bocah”
		/s/ dipun serat => sy	Wiwitan tembung	Tiyang ingkang kepengen <i>nikah</i> iku, syaratipun namung kalih... Kalih sinten (modyar) S _a ratipun “sing dianggo sarana murih slamet” => s _y aratipun “-“ s _a rat “sarana” + ipun “panambang” => s _y arat “-“ + ipun “panambang”

Adhedhasar *tabel* nginggil dipunmangertosi bilih wonten tigang jinis kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi. Jinising kalepatan menika, tambahing *fonem*, ical utawi sudaning *fonem* saha ewahing *fonem*. Saking jinis kalepatan tambahing *fonem* menika wonten tambahing *fonem* /k/ ingkang mapan ing pungkasan wanda sepisan, saha ing pungkasan tembung. Tambahing *fonem* /ə/ menika mapan ing pungkasaning wanda sepisan. Wonten ing tambahing *fonem* /m/ menika mapan ing wiwitaning tembung saha pungkasan wanda sepisan.

Wonten ing jinis kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* inggih menika sudaning *fonem* /w/ ing wiwitan wanda kaping kalih. Kejawi menika sudaning *fonem* /y/ ing wiwitan wanda kaping tiga. Jinis kalepatan *fonologis* ingkang kaping tiga menika ewahing *fonem*, inggih menika *fonem* /t/ dipunserat **t** mapan ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem* /d/ dipunserat **d** mapan ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem* /d/ dipunserat **dh** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem* /ɔ/ dipunserat **o** mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, tengah wanda sepisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga, pungkasan wanda kaping tiga, saha pungkasan tembung. Ewahing *fonem* /a/ dipunserat **k** mapan ing pungkasan wanda kaping tiga. Ewahing *fonem* /a/ dipunserat **o** mapan ing wiwitan tembung saha pungkasan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem* /i/ dipunserat **e** mapan ing tengah wanda kaping kalih saha tengah tembung. Ewahing *fonem* /e/ dipunserat **a** mapan ing tengah tembung. Ewahing *fonem* /o/ dipunserat **u** mapan ing pungkasan wanda sepisan. Ewahing *fonem* /u/ dipunserat **o** mapan ing tengah tembung. Ewahing *fonem* /s/ dipunserat **sy** mapan ing wiwitane tembung.

Ngandhap menika dipunandharaken kanthi jangkep jumbuh kaliyan kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi, jinising kalepatan, makna saha mapanipun *fonem* ingkang lepat.

B. Pirembagan

Adhedhasar asiling panaliten, *pola* kalepatan *fonologis* ing *meme* basa Jawi kaperang dados tigang jinis kalepatan, inggih menika tambahing *fonem*,

sudaning *fonem*, saha ewahing *fonem*. Kalepatan kasebut menawi dipuntingali saking mapanipun ugi warni-warni. Pirembagan menika badhe kawiwitan saking *pola* kalepatan, dipunlajengaken makna saha mapaning *fonem* ingkang lepat. Bab kasebut kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Kalepatan *Fonologis* Tambahing *Fonem*

Tarigan saha Sulastianingsih (lumantar Rahmadi, 2017: 208), ngandharaken bilih kalepatan basa ing tataran *fonologis* salah satunggaling inggih menika tambahing *fonem*. Adhedhasar asiling panaliten, wonten tigang wujud tambahing *fonem*, inggih menika tambahing *fonem* /k/, /e/, saha /m/. Ngandhap menika kaandharaken kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/, /e/, saha /m/ ingkang karembag kanthi jangkep.

a. Tambahing *fonem* /k/

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ menika mapan ing kalih perangan tembung inggih menika ing pungkasan wanda sepisan, saha pungkasaning tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep tambahing *fonem* /k/ miturut jinis kalepatan, makna saha mapanipun.

1) Tambahing *fonem* /k/ ing pungkasan wanda sepisan

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ ing wacana meme basa Jawi. Wujud kalepatan tambahing *fonem* /k/ saged dipuntingali saking meme basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 3 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Takon lur... Misale pean nemu duwit **sakméné** kiro2 mok go ngopo??”. Tembung **sakméné** ing wacana menika boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **saméné**. Tembung **saméné** kadadosan saking tembung lingga **méné** lajeng pikantuk wuwuhan **sa-**. Tembung **méné** namung saged kawuwuhan **sa-** saha **rong-**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **saméné** maknanipun semanten utawi padha karo iki.

Tembung **sakméné** saking tembung lingga **mene** ingkang maknanipun kehe padha karo iki, lajeng pikantuk wuwuhan **sak-**. Miturut paugeran basa Jawi, boten wonten wuwuhan **sak-**. Tembung **sak** miturut bausastra basa Jawi maknanipun kanthongan klambi. Saengga tembung ingkang pas ing wacana nginggil inggih menika tembung **saméné** sanes tembung **sakméné**.

Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ ing tembung **sakméné** mapan ing pungkasan wanda sepisan. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *epentesis*, inggih menika pikantuk tambahing *fonem* ing madyaning tembung.

Kejawu ing nginggil, wonten kalepatan tambahing *fonem* /k/ sanes ingkang mapan ing pungkasan wanda sepisan. Kalepatan kasebut saged dipuntingali ing wacana *meme* ngandhap menika.



Gambar 4 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Di read tok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat **sakdurungé** diwoco?”. Tembung **sakdurungé** ing wacana menika boten pas utawi ngewarat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **sadurungé**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **sadurungé** maknanipun saderengipun utawi isih kurang karo mangsane. Tembung **sadurungé** kadadosan saking tembung lingga **durung** ingkang maknanipun dereng, lajeng pikantuk wuwuhan sesarengan **sa++é** minangka katrangan wekdal ing tembung **durung**.

Tembung **sakdurungé** ing wacana nginggil kadadosan saking tembung lingga **durung**. Tembung **sakdurungé** menika lepat, jalaran miturut paugeran basa Jawi boten wonten wuwuhan sesarengan **sak++é**.

Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ ing tembung **sakdurungé** mapan ing pungkasan wanda sepisan. Miturut pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13)

kalebet jinis kalepatan *epentesis*, inggih menika pikantuk tambahing *fonem* ing madyaning tembung.

Tambahing *fonem* /k/ boten namung mapan ing pungkasan wanda sepisan, ananging wonten ugi ing pungkasan tembung. Ngandhap menika dipunrembag kalepatan tambahing *fonem* /k/ ing pungkasan tembung jumbuh kaliyan jinis kalepatan saha mapanipun.

2) Tambahing *fonem* /k/ ing pungkasan tembung

Saking *data* panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ ing wacana meme basa Jawi. Wujud kalepatan tambahing *fonem* /k/ saged dipuntingali saking meme basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 5 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**Rak** kober nyetatus seh playon mobat-mabit golek duit! Kanggo mbayar utang”. Tembung **rak** ing wacana menika ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **ra** jumbuh kaliyan bausastra basa Jawi ingkang maknanipun ora.

Tembung **rak** miturut bausastra basa Jawi maknanipun erak utawi planggrangan kanggo ngetus piring. Mila saking menika tembung **rak** ing wacana nginggil boten pas utawi lepat, jalaran wontenipun *fonem* /k/ ingkang ndayani bedaning makna.

Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /k/ ing wacana *meme* basa Jawi nginggil mapan ing pungkasan tembung. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *paragog* inggih menika tambahing *fonem* ing pungkasan tembung.

Saking asiling panaliten, kejawi kalepatan tambahing *fonem* /k/ wonten ugi kalepatan tambahing *fonem* /ə/. Ngandhap menika kaandharaken kalepatan tambahing *fonem* /ə/.

b. Tambahing *fonem* /ə/

Saking asiling panaliten, kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /ə/ menika mapan ing salah satunggal perangan tembung, inggih menika ing pungkasan wanda sepisan. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep tambahing *fonem* /ə/, jumbuh kaliyan jinis kalepatan saha mapanipun.

**Percoyo opo
ora,, wong
wedok seng
cerewet
roto" bojone
menengan.**

Gambar 6 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ingkang ngewrat wacana “Percoyo opo ora,, wong wedok seng **cêrèwèt** roto” bojone menengan”. Tembung **cêrèwèt** ing wacana menika ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan wacana nginggil ingkang tetembunganipun migunakaken basa Jawi, mila tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **crèwèt**. Miturut basastra basa Jawi, tembung **crèwèt** maknanipun kakehan omong.

Tembung **cêrèwèt** minangka tembung saking basa Indonesia, mila tembung **cêrèwèt** ing wacana nginggil boten pas. Tembung ingkang pas ing wacana nginggil menika tembung **crèwèt**.

Kalepatan *fonologis* tambahhing *fonem* /ə/ ing wacana *meme* basa Jawi nginggil mapan ing pungkasan wanda sepisan. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *epentesis* inggih menika tambahhing *fonem* ing madyaning tembung.


Saking asiling panaliten, kejawi kalepatan tambahhing *fonem* /k/ saha /ə/ wonten ugi kalepatan tambahhing *fonem* /m/. Ngandhap menika kaandharaken kalepatan tambahhing *fonem* /m/ jumbuh kaliyan jinis saha mapanipun kalepatan.

c. Tambahhing *fonem* /m/

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* tambahhing *fonem* /m/ menika mapan ing kalih perangan tembung inggih menika ing wiwitan tembung saha pungkasan wanda sepisan. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep tambahhing *fonem* /m/ miturut jinis kalepatan saha mapanipun.

1) Tambahing *fonem* /m/ ing wiwitan tembung

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /m/ ing wacana meme basa Jawi. Wujud kalepatan tambahing *fonem* /m/ saged dipunprangguli saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 7 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Gusti, umpami sampun wonten jodo kagem kulo, kulo nyuwun **mbotên** sah dangu angsalipun ngepanggihaken kaleh kulo, kersane kulo saget ngontrol nafsu kulo, lan tebihaken kulo saking godhanipun setan, amin..”. Tembung **mbotên** ing wacana menika kirang pas. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **botên**. Miturut *bausastra* basa Jawi, tembung **botên** maknanipun ora.

Kacihna bilih tembung **botên** sanes tembung kriya, mila boten prelu kawuwuhan ater-ater nasal **m-**. *Fonem* /m/ minangka fonem nasal, tembung ingkang saged pikantuk tambahing *fonem* nasal inggih menika tembung kriya minangka wujud ingkang saweg dipunlakeni.

Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /m/ ing wacana meme basa Jawi nginggil mapan ing wiwitan tembung. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan

pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *protetis*, inggih menika pikantuk tambah ing fonem ing wiwitan tembung.

Kalepatan *fonologis* tambah ing fonem /m/ ing wiwitan tembung boten namung ing wacana meme basa Jawi nginggil. Ngandhap menika ugi kaandharaken kalepatan *fonologis* tambah ing fonem /m/ mapan ing wiwitan tembung.



Gambar 8 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Saiki aku lemu tapi **mbiyèn** tau ayu”. Tembung **mbiyèn** ing wacana menika boten leres utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **biyèn**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **biyèn** maknanipun wektu kang wis kepungkur suwe.

Kacihna bilih tembung **biyèn** minangka katrangan wekdal sanes tembung kriya, mila boten prelu pikantuk wuwuhan **m-**. Tembung ingkang saged pikantuk tambah ing fonem nasal /m/ inggih menika tembung kriya, minangka wujud ingkang saweg dipunlakeni.

Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem* /m/ ing wacana *meme* basa Jawi nginggil mapan ing wiwitan tembung. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *protetis*, inggih menika pikantuk tambahing fonem ing wiwitan tembung.

Tambahing *fonem* /m/ boten namung mapan ing wiwitaning tembung, ananging wonten ugi ing pungkasan wanda sepisan. Ngandhap menika dipunrembag kalepatan tambahing *fonem* /m/ mapan ing pungkasan wanda sepisan jumbuh kaliyan jinis kalepatan saha mapanipun.

2) Tambahing *fonem* /m/ ing pungkasan wanda sepisan

Saking *data* panaliten, dipunprangguli tambahing *fonem* /m/ ing wacana *meme* basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 9 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**Umpomo** fotomu ora editan, **opo kowe ora payu??**”. Tembung **umpomo** ing wacana menika boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih

menika tembung **upåmå**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **upåmå** maknaipun menawa kaya.

Kalepatan *fonologis* tambah ing *fonem* /m/ ing wacana meme basa Jawi nginggil mapan ing pungkasan wanda sepisan. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *epentesis*, inggih menika pikantuk tambah ing *fonem* ing madyaning tembung.

Jinis kalepatan *fonologis* boten namung tambah ing *fonem*, wonten ugi jinis kalepatan sudaning *fonem*. Ngandhap menika kaandharaken jinis kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem*.

2. Kalepatan *Fonologis* Ical utawi Sudaning *Fonem*

Tarigan saha Sulastianingsih (lumantar Rahmadi, 2017: 208) ngandharaken bilih kalepatan basa ing tataran *fonologis* salah satunggaling inggih menika ical utawi sudaning *fonem*. Adhedhasar asiling panaliten, wonten kalih wujud tambah ing *fonem*, inggih menika tambah ing *fonem* /w/ saha /y/. Ngandhap menika kaandharaken kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/ saha /y/ ingkang karembag ugi mapanipun.

a. Ical utawi sudaning *fonem* /w/

Adhedhasar asiling panaliten, wonten kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ical utawi sudaning *fonem* /w/ miturut jinis, makna saha mapanipun.



Gambar 10 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Senyum **kui** ibadah Wong edan pahalane akeh”. Tembung **kui** ing wacana nginggil boten leres utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **kuwi**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **kuwi** minangka tembung lingga, ingkang maknanipun punika utawi iku.

Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/ ing tembung **kui** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *sinkop*, inggih menika ical utawi nyuda *fonem* ing madyaning tembung.

Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/ ing wiwitan wanda kaping kalih boten namung wonten wacana nginggil. Ngandhap menika kaandharaken lepatung *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/ ing wiwitan wanda kaping kalih sanesipun.

" SING TAK
 JALUK KOWE
 OJO KUATIR,
 AKU SING
 NGLAKONI,
 AKU SING
 NGRASAKNE."

Gambar 11 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Sing tak jaluk kowe ojo **kuatir**, aku sing nglakoni aku sing ngrasakne”. Tembung **kuatir** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* wacana nginggil ingkang tetembunganipun basa Jawi, mila tembung ingkang leres menika tembung **kuwatir**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **kuwatir** maknanipun sumelang.

Kacihna bilih tembung **kuatir** minangka tetembungan basa Indonesia, mila boten pas utawi leres menawi dipunjumbuhaken ing wacana nginggil. Tembung ingkang leres jumbuh *konteks* wacana kasebut inggih menika tembung **kuwatir** sanes **kuatir**.

Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem* /w/ ing tembung **kuatir** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *sinkop*, inggih menika ical utawi nyuda *fonem* ing madyaning tembung.

Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning fonem boten namung ing *fonem* /w/, ananging wonten ugi ical utawi sudaning *fonem* /y/ ing wacana *meme* basa

Jawi. Ngandhap menika dipunandharaken ical utawi sudaning *fonem /y/* ingkang badhe karembag ugi jinis, makna saha mapanipun.

b. Ical utawi sudaning *fonem /y/*

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem /y/* menika mapan ing wiwitan wanda kaping tiga. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ical utawi sudaning *fonem /y/* miturut jinis, makna saha mapanipun.



Gambar 12 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Bapaku tukang macul simboku buruh tandur opo gelem sampéan”. Tembung **sampéan** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **sampéyan**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **sampéyan** maknanipun kowe.

Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem /y/* ing tembung **sampéan** mapan ing wiwitan wanda kaping tiga. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan

pamanggihipun Supriyadi, (1986: 2.13) kalebet jinis kalepatan *sinkop*, inggih menika ical utawi nyuda *fonem* ing madyaning tembung.

Kejawi jinis kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem*, ngandhap menika dipunandharaken jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem*.

3. Kalepatan *Fonologis* Ewahing *Fonem*

Tarigan saha Sulastianingsih (lumantar Rahmadi, 2017: 208) ngandharaken bilih kalepatan basa ing tataran *fonologis* salah satunggaling inggih menika ewahing *fonem*. Adhedhasar asiling panaliten, wonten sedasa wujud ewahing *fonem*, inggih menika *fonem* /t/ dipunserat **t**, /d/ dipunserat **d**, /d/ dipunserat **dh**, /o/ dipunserat **o**, /a/ dipunserat **k**, /a/ dipunserat **o**, /i/ dipunserat **e**, /e/ dipunserat **a**, /o/ dipunserat **u**, /u/ dipunserat **o**, saha /s/ dipunserat **sy**. Ngandhap menika karembag satunggal-satunggal ewahing fonem, makna saha mapanipun.

a. Ewahing *fonem* /t/ kaserat **t**

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /t/ dipunserat **t** menika mapan ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /t/ dipunserat **t** miturut jinis, makna saha mapanipun.

1) Ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wiwitan tembung

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /t/ dipunserat **t** ing wacana meme basa Jawi. Wujud kalepatan ewahing

fonem /t/ dipunserat **t** saged dipuntingali saking meme basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 13 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Di read **t**ok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat sakdurunge diwoco?”. Tembung **t**ok ing wacana nginggil lepat, amargi boten pas kaliyan *konteks* ingkang dipunmaksud. Tembung ingkang pas utawi leres jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana nginggil inggih menika tembung **thok**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **thok** maknanipun ora nganggo wuwuhan liyane.

Tembung **t**ok miturut bausastra basa Jawi maknanipun diwetokake. Tembung **t**ok sampun beda makna menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* ing wacana meme basa Jawi nginggil.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wacana nginggil mapan ing wiwitan tembung. Boten namung mapan ing wiwitan tembung, kalepatan ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ugi mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ngandhap menika dipunandharaken ewahing *fonem* /t/ kaserat **t**, gayut kaliyan makna saha mapanipun kalepatan kasebut.

2) Ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wiwitan wanda kaping kalih

Saking asiling *data* panaliten, dipunprangguli kalepatan ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wacana meme ngandhap menika. Badhe dipunrembag ugi makna saha mapanipun kalepatan kasebut.



Gambar 14 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Biasane nek udan mest_i dalane teles.. iso tak titeni”. Tembung **mêsti** ing wacana nginggil boten leres utawi ngewrat kalepatan. Kacihna bilih tembung **mêsti** minangka tetembungan basa Indonesia. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan wacana nginggil ingkang tetembunganipun basa Jawi, mila tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **mêsthi**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **mêsthi** maknanipun netepaken ing saderengipun utawi sampun tetep.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wacana nginggil mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ingkang mapan ing wiwitan wanda kaping kalih, boten namung ing wacana meme basa Jawi nginggil. Ngandhap menika wacana meme basa Jawi sanesipun ingkang

ngewrat kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ingkang mapan ing wiwitan wanda kaping kalih ugi.

bocah sing
sawangane alim
gak mesti
alim tenanan,
kadang yo clutak
nyulahi bojone
konco..

Gambar 15 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, kadang yo **clutak** nyulahi bojone konco..”. Tembung **clutak** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **cluthak**. Miturut *bausastra* basa Jawi, tembung **cluthak** maknanipun nggragas utawi ngglathak.

Ewahing *fonem* /t/ kaserat **t** ing wacana nginggil mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Kalepatan *fonologis* ewahing fonem boten namung ing *fonem* /t/ kaserat **t**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /d/ kaserat **d**, jumbuh kaliyan makna saha mapanipun.

b. Ewahing fonem /d/ kaserat d

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** menika mapan ing wiwitan tembung saha ing wiwitan wanda kaping

kalih. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** jumbuh kaliyan jinis, makna, saha mapanipun.

1) Ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ing wiwitan tembung

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ing wacana *meme* basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 16 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Waktu adalah uang, yen kanca’mu mbok jak dolan ngomong raenek wektu brarti wonge ra ndue **duwit**”. Tembung **duwit** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **dhuwit**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **dhuwit** maknanipun sarananing urup-urupan kang diwujud ing chithakan tembaga.

Kalepatan ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ingkang mapan ing wiwitan tembung boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ing wacana *meme* basa Jawi sanesipun.



Gambar 17 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Wes bengi brow, wayahe wudhu, sholat isya, ndungo sedelo, trus udut sak util, keru **déwé** turu”. Tembung **déwé** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Tembung ingkang pas utawi leres miturut *konteks* ing wacana kasebut inggih menika tembung **dhéwé**. Tembung **dhéwé** miturut bausastra basa Jawi maknanipun piyambak utawi ijen.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** kejawi mapan ing wiwitan tembung, wonten ugi mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /d/ kaserat **d**, makna saha mapanipun.

2) Ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ing wiwitan wanda kaping kalih

Data asiling panaliten, dipunprangguli kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ing wiwitan wanda kaping kalih. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali ing wacana meme basa Jawi ngandhap menika.

bocah sing
 sawangane alim
 gak mesti
 alim tenanan,
 kadang yo clutak
 nyuluhi bojone
 konco..

Gambar 18 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, **kadhang** yo clutak nyuluhi bojone konco..”. Tembung **kadhang** ing wacana kasebut boten pas menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Tembung ingkang pas utawi leres miturut *konteks* inggih menika tembung **kadhang**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **kadhang** maknanipun kala-kala utawi bok menawa sok.

Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana nginggil, tembung **kadhang** boten pas utawi ngewrat kalepatan. Tembung ingkang pas ing wacana *meme* basa Jawi nginggil inggih menika tembung **kadhang** sanes **kadhang**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **kadhang** maknanipun sedulur.

Ewahing *fonem* /d/ kaserat **d** ingkang mapan ing wiwitan wanda kaping kalih, boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika kaandharaken ing wacana *meme* basa Jawi sanesipun.



Gambar 19

https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAAdwQsAR6BAgKEAE

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “ Mbiyen jaman aku iseh cilik ndelok cah gedhe **podō** pacaran bareng saiki aku wis gedhe ndelok cah cilik **podō** pacaran”. Tembung **podō** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Tembung ingkang pas utawi leres miturut *konteks* ing wacana kasebut inggih menika tembung **pādhā**. Miturut basastra basa Jawi, tembung **pādhā** maknanipun sami utawi nelakake akeh.

Tembung **pādhā** kadadosan saking *fonem* /p/, /ɔ/, /d/, saha /ɔ/. *Fonem* /d/ kaserat **dh**, *fonem* /ɔ/ kaserat **a** amargi menawi pikantuk panambang **-ne**, mila seratanipun dados **padhane** sanes **podone**.

Kejawī kalepatan *fonologis* ewahing fonem nginggil, wonten ugi kalepatan ewahing *fonem* /d/ kaserat **dh**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /d/ kaserat **dh** ingkang karembag ugi makna saha mapanipun kalepatan kasebut.

c. Ewahing fonem /d/ kaserat dh

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing fonem /d/ kaserat **dh** menika mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing fonem /d/ kaserat **dh** miturut jinis, makna, saha mapanipun.

KULO NYUWUNG
TULUNG DATENG
PANJENENGAN SAMI,
DIPUN DONGK'AKEN
SUPADOS
NOMER TOGEL
KULO MEDHAL.
MENGKE KULO
TUMBASNE PULSA.
MATUR SUWUN NJEH..

Gambar 20 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Kulo nyuwung tulung dateng panjenengan sami, dipun dongk’aken supados nomer togel kulo **mêdhal**. Mengke kulo tumbasne pulsa. Matur suwun njeh..”. Tembung **mêdhal** ing wacana nginggil boten pas utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* wacana nginggil, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **mêdal**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **mêdal** maknanipun metu.

Kalepatan *fonologis* ing tembung **mêdhal** wacana nginggil mapan ing wiwitan wanda kaping kalih. Ewahing fonem boten namung ing nginggil, ananging wonten ugi ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** langkung jangkep.

d. Ewahing fonem /ɔ/ kaserat o

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing fonem /ɔ/ kaserat o menika mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, tengah wanda sepisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga, pungkasan wanda kaping tiga, saha pungkasan tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing fonem /ɔ/ kaserat o miturut jinis, makna, saha mapanipun.

1) Ewahing fonem /ɔ/ kaserat o ing wiwitan tembung

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing fonem /ɔ/ kaserat o ing wacana *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 21 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Bapak ku kuli ibu ku buruh tani **Opo** koe gelem karo aku????”. Tembung **opo** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Tembung ingkang trep, jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut inggih menika tembung **âpâ**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **âpâ** maknanipun pitakon nakokake jenenge wong.

Tembung **âpa** kadadosan saking *fonem* /ɔ/, /p/ saha /ɔ/. Fonem /ɔ/ kaserat **a** ing *grafemipun*, jalaran menawi pikantuk panambang **-ne** mila seratan tembungipun dados tembung **apane** sanes **opone**.

Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ingkang mapan ing wiwitan tembung boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika wonten tembung sanes ingkang ngewrat kalepatan ingkang sami, ananging ing wacana *meme* basa Jawi ingkang sanes.



Gambar 22 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Semangat uis senen **ojo** melo wae”. Tembung **ojo** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Tembung ingkang trep miturut *konteks* ing wacana nginggil inggih menika tembung **âja**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **âja** maknanipun sampun utawi ora kena.

Tembung **âja** kadadosan saking *fonem* /ɔ/, /j/ saha /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ ing *grafemipun* kaserat **a** sanes **o**, mila tembung ingkang pas inggih menika tembung **âja**. Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** kejawi mapan ing wiwitan tembung, ugi mapan

ing pungkasan wanda sepisan. Ngandhap menika kaandharaken ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan wanda sepisan, kaandharaken ugi maknanipun.

2) Ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan wanda sepisan

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan fonologis ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** ing wacana meme basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 23 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**Sopo** sing gelem mijet’i aku: Nek wedok: tak pek bojo Nek lanang: bojone tak pek”. Tembung **sopo** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas inggih menika tembung **sâpâ**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **sâpâ** maknanipun tembung pitakon nakokake jenenge wong.

Tembung **sâpâ** kadadosan saking fonem /s/, /ɔ/, /p/, saha /ɔ/. Fonem /ɔ/ ing grafemipun kaserat **a**, amargi menawi pikantuk panambang **-ne** mila seratan tembungipun dados **sapane** sanes **sopone**.

Ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** ingkang mapan ing pungkasan wanda sepisan boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika wonten tembung sanes,

ngewrat kalepatan ingkang sami, ananging ing wacana meme basa Jawi ingkang sanes.



Gambar 24 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Wong **Jowo** keras gaes.. wetonmu ora pas hubunganmu kandas”. Tembung **Jowo** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **Jåwå**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **Jåwå** maknanipun pulo utawi tanah sing isih rada kawengku ratu Jawa.

Tembung **Jåwå** kadadosan saking *fonem* /j/, /ɔ/, /w/, saha /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ ing *grafem*ipun kaserat **a** amargi menawi pikantuk panambang **-ne** mila seratanipun dados **Jawane** sanes **Jowone**.

Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** kejawi mapan ing wiwitan tembung, saha pungkasan wanda sapisan, ugi mapan ing madya utawi tengah wanda sapisan. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing madya utawi tengah wanda sepisan, kaandharaken ugi maknanipun.

3) Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing madya utawi tengah wanda sepisan

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing madya utawi tengah wanda sepisan. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali ing wacana *meme* basa Jawi ngandhap menika.

bocah sing
sawangane alim
gak mesti
alim tenanan,
kadang yo clutak
nyulihi bojone
konco..

Gambar 25 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Bocah sing sawangane alim gak mesti alim tenanan, kadang yo clutak nyulihi bojone **konco..**”. Tembung **konco** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **kāncā**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **kāncā** maknanipun mitra.

Tembung **kāncā** kadadosan saking *fonem* /k/, /ɔ/, /n/, /c/, saha /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ ing *grafem*ipun kaserat **a**, kacihna bilih pikantuk panambang **-ne** mila tembungipun dados **kancane** sanes **koncone**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** mapan ing madya utawi tengah wanda sapisan.

Kejawu ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, madya utawi tengah wanda sepisan, ugi mapan ing

pungkasan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan wanda kaping kalih, kaandharaken ugi maknaipun.

4) Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan wanda kaping kalih

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing wacana meme basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali ing wacana *meme* basa Jawi ngandhap menika.




Gambar 26 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Di read tok kui iseh biasa wae Daripada langsung di end chat sakdurunge **diwoco?**”. Tembung **diwoco** ing wacana menika boten leres utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **diwacå**. Tembung **diwacå** saking tembung lingga **wacå** ingkang pikantuk ater-ater **di-**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **diwacå** maknaipun dipunwaos utawi diunekake.

Kalepatan *fonologis* wacana nginggil mapan ing pungkasan wanda kaping kalih, kanthi wujud *fonem* /ɔ/ kaserat **o**. Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ingkang

mapan ing pungkasan wanda kaping kalih boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika wonten tembung sanes, ngewrat kalepatan ingkang sami, ananging ing wacana meme basa Jawi ingkang sanes.



Gambar 27 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**Percoyo** opo ora,, wong wedok seng cerewet roto” bojone menengan”. Tembung **percoyo** ing wacana kasebut boten trep utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **percâyâ**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **percâyâ** maknanipun pitados utawi pitaya marang.

Tembung **percâyâ** kadadosan saking *fonem* /p/, /e/, /r/, /c/, /o/, /y/, saha /o/. *Fonem* /o/ kaserat **a** ing *grafem*ipun amargi menawi pikantuk panambang **-ne**, mila tembungipun kaserat **percayane** sanes **percoyone**.

Kejawawi ewahing *fonem* /o/ kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, madya utawi tengah wanda sepisan, pungkasan wanda kaping kalih wonten ugi mapan ing wiwitan wanda kaping tiga. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /o/ kaserat **o** mapan ing wiwitan wanda kaping tiga, kaandharaken ugi maknanipun.

5) Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** mapan ing wiwitan wanda kaping tiga

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** dipunprangguli ing wacana *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 28 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Yen enek sing nggolek’i aku. **Omongono** yen aku lagi neng toilet dewean, ngising sambu curhat karo siwur”. Tembung **omongono** ing wacana kasebut boten trep utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **omongãna**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **omongãna** maknanipun akon ngandhani.

Miturut paugeran basa Jawi, tembung **omongãna** kadadosan saking tembung lingga **omong** ingkang maknanipun kandha, lajeng pikantuk panambang **-ana**. Panambang **-ana** kadadosan saking *fonem* /ɔ/, /n/, saha /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ ing *grafem*ipun kaserat **a** saengga ingkang leres menika tembung **omongãna** sanes **omongono**.

Kalepatan *fonologis* wacana nginggil mapan ing wiwitan wanda kaping tiga, kanthi wujud *fonem* /ɔ/ kaserat **o**. Kejawi ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** mapan

ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, madya utawi tengah wanda sepisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga wonten ugi mapan ing pungkasan wanda kaping tiga.

Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** mapan ing pungkasan wanda kaping tiga, kaandharaken ugi maknanipun.

6) Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan wanda kaping tiga

Saking *data* asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o**. Ewahing *fonem* kasebut saged dipuntingali ing wacana ngandhap menika.



Gambar 29 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Kalo dia cuek brarti kui kode keras gek ndang minggato!!”. Tembung **minggato** ing wacana kasebut boten trep utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **minggatå**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **minggatå** maknanipun nudhung lunga.

Tembung **minggatå** saking tembung lingga **minggat** ingkang maknanipun lunga nggeblas, lajeng pikantuk panambang –å. Tembung **minggatå** kadadosan sakng fonem /m/, /i/, /ŋ/, /g/, /a/, /t/, saha /ɔ/. Fonem /ɔ/ kaserat **a** sanes **o**, saengga tembungipun ingkang leres menika **minggatå** sanes **minggato**.

Kalepatan *fonologis* wacana nginggil mapan ing pungkasan wanda kaping tiga, kanthi wujud fonem /ɔ/ kaserat **o**. Kejawi ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sepisan, madya utawi tengah wanda sepisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga, pungkasan wanda kaping tiga, wonten ugi mapan ing pungkasan tembung.

Ngandhap menika kaandharaken ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** mapan ing pungkasan tembung, kaandharaken ugi maknanipun.

7) Ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o** ing pungkasan tembung

Saking *data* asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing fonem /ɔ/ kaserat **o**. Ewahing fonem kasebut saged dipuntingali ing wacana ngandhap menika.



Gambar 30 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Biasane nek udan mesti dalane teles.. **iso** tak titeni”. Tembung **iso** ing wacana kasebut menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun* ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **isá**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **isá** maknanipun bisa utawi saged.

Miturut paugeran basa Jawi, tembung **iso** maknanipun iwak usus. Saking maknanipun kemawon tembung **iso** kaliyan tembung **isá** sampun beda. Saengga tembung **iso** ing wacana *meme* basa Jawi nginggil boten pas, ingkang pas menika tembung **isá**.

Ewahing *fonem* /ɔ/ kaserat **o** ingkang mapan ing pungkasan tembung boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika wonten tembung sanes ingkang ngewrat kalepatan ingkang sami, ananging ing wacana *meme* basa Jawi ingkang sanes ugi.



Gambar 31

https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAAdwQsAR6BAgKEAE

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Witing **tresno** jalaran soko kulino, lunture **tresno** jalaran ono wong liyo!!!”. Tembung **tresno** ing wacana

kasebut boten trep utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **tresnå**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **tresnå** maknanipun asih utawi mulunging ati marang liyan.

Tembung **tresnå** kadadosan saking *fonem* /t/, /r/, /e/, /s/, /n/, saha /ɔ/. *Fonem* /ɔ/ ing *grafem*ipun kaserat **a**, kacihna bilih pikantuk panambang **-ne** mila tembungipun dados **tresnane** sanes **tresnone**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem* /a/ kaserat **k**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /a/ kaserat **k** langkung jangkep.

e. Ewahing *fonem* /a/ kaserat **k**

Saking *data* panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /a/ kaserat **k** menika mapan ing wiwitan tembung, saha pungkasan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /a/ kaserat **k** miturut jinis, makna, saha mapanipun

KULO NYUWUNG
TULUNG DATENG
PANJENENGAN SAMI,
DIPUN DONGK'AKEN
SUPADOS
NOMER TOGEL
KULO MEDHAL.
MENGKE KULO
TUMBASNE PULSA.
MATUR SUWUN NJEH..

Gambar 32 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Kulo nyuwung tulung dateng panjenengan sami, dipun **dongk'aken** supados nomer togel kulo medhal. Mengke

kulo tumbasne pulsa. Matur suwun njeh..”. Tembung **dongk’aken** ing wacana nginggil ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas inggih menika **donga’akên**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **donga’akên** maknanipun nyuwun pamuji slamet.

Tembung **donga’akên** saking tembung lingga **donga** maknanipun memuji, lajeng pikantuk panambang **–akên**. Saengga tembung ingkang pas ing wacana nginggil inggih menika **donga’akên** sanes **dongk’akên**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem /a/* kaserat **o**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem /a/* kaserat **o** langkung jangkep.

f. Ewahing *fonem /a/* kaserat **o**

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /a/* kaserat **o** menika mapan ing wiwitan tembung, saha pungkasan wanda kaping kalih. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem /a/* kaserat **o** miturut jinis, makna, saha mapanipun.

1) Ewahing *fonem /a/* kaserat **o** ing wiwitan tembung

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /a/* kaserat **o** ing wacana *meme* basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 33

https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAAwQsAR6BAgKEAE

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Dadi wong iku ora usah macem² opo **ononé** wae... Ono prawan ono rondo yo disikat... yo diembat... Ono bojone wong Yo dikongkon megat”. Tembung **ononé** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **anané**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **anané** maknanipun nyatanipun.

Tembung **anané** saking tembung lingga **ana** ingkang maknanipun katon maujud, lajeng pikantuk panambang **-né**. Tembung lingga **ana** kadadosan saking *fonem* /ɔ/, /n/, saha /ɔ/, menawi pikantuk panambang **-né**, mila *fonem* /ɔ/ ing *grafem*ipun kaserat **a**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** nginggil mapan ing wiwitan tembung. Kejawi ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung, wonten ugi ingkang mapan ing pungkasan wanda kaping kalih.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** mapan ing pungkasan wanda kaping kalih kaawrat ing wacana meme basa Jawi ingkang sami nginggil.

Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** mapan ing pungkasan wanda kaping kalih, kaandharaken ugi maknanipun.

2) Ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** ing pungkasan wanda kaping kalih

Saking *data* panaliten, dipunprangguli kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /a/ kaserat **o** ing wacana *meme* basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 34

https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAAwQsAR6BAgKEAE

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Dadi wong iku ora usah macem² opo **ononé** wae... Ono prawan ono rondo yo disikat... yo diembat... Ono bojone wong Yo dikongkon megat”. Tembung **ononé** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*ipun. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **anané**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **anané** maknanipun nyatanipun.

Tembung **anané** saking tembung lingga **ana** ingkang maknanipun katon maujud, lajeng pikantuk panambang **-né**. Tembung lingga **ana** kadadosan saking

fonem /ɔ/, /n/, saha /ɔ/, menawi pikantuk panambang –né, mila fonem /ɔ/ ing grafemipun dados a.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /a/* kaserat **o** nginggil mapan ing pungkasan wanda kaping kalih. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem /i/* kaserat **e**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem /i/* kaserat **e** langkung jangkep.

g. Ewahing *fonem /i/* kaserat e

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /i/* kaserat **e** menika mapan ing madya utawi tengah wanda kaping kalih, saha madya utawi tengah tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem /i/* kaserat **e** miturut jinis, makna, saha mapanipun.

1) Ewahing *fonem /i/* kaserat **e** ing madya utawi tengah wanda kaping kalih

Adhedhasar asiling panaliten, wonten jinis kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /i/* kaserat **e** ing wacana *meme* basa Jawi. Wujud kalepatan kasebut saged dipuntingali saking *meme* basa Jawi ngandhap menika.



Gambar 35 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Jenenge **urép** mesti akeh cobaan yen akeh saweran kui jenenge dangdutan”. Tembung **urép** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana nginggil, ingkang trep utawi leres menika tembung **urip**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **urip** maknanipun gesang. Kacihna bilih tembung kasebut pikantuk panambang –*é* mila seratanipun dados **uripé** sanes **urépé**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /i/ kaserat **e** nginggil mapan ing tengah wanda kaping kalih. Kejawi ewahing *fonem* /i/ kaserat **e** mapan ing tengah wanda kaping kalih, wonten ugi ingkang mapan ing tengah tembung. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /i/ kaserat **e** mapan ing tengah tembung, kaandharaken ugi maknanipun.

2) Ewahing *fonem* /i/ kaserat **e** ing tengah tembung

Saking *data* panaliten, dipunprangguli kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /i/ kaserat **e**. Kalepatan kasebut saged dipunprangguli ing wacana ngandhap menika.




Percoyo opo
ora,, wong
wedok seng
cerewet
roto" bojone
menengan.

Gambar 36 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Percoyo opo ora,, wong wedok **séng** cerewet roto” bojone menengan”. Tembung **séng** ing wacana kasebut lepat menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **sing**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **sing** maknanipun kang utawi sangka. Tembung ingkang pas utawi leres ing wacana nginggil menika tembung **sing** sanes tembung **séng**.

Ewahing *fonem* /i/ kaserat **e** ingkang mapan ing tengah tembung boten namung ing wacana nginggil. Ngandhap menika wonten tembung sanes ingkang ngewrat kalepatan ingkang sami, ananging wonten ing wacana *meme* basa Jawi ingkang sanes.



Gambar 37 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**Wés** suwe ing selaning ati, aku nyimpen kangen”. Tembung **wés** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Miturut *konteks* ing wacana kasebut, ingkang trep utawi leres menika tembung **wis**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **wis** maknanipun sampun utawi rampung enggone tumindak.

Kacihna bilih tembung **wis** migunakaken *fonem /i/* sanes */e/*, amargi menawi pikantuk wuwuhan sesarengan **sa++é** mila ing *grafemipun* kaserat **sawisé** sanes **sawésé**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /i/* kaserat **e** nginggil mapan ing tengah tembung. Kalepatan *fonologis* ewahing fonem boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem /i/* kaserat **e**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem /e/* kaserat **a** langkung jangkep.

h. Ewahing fonem /e/ kaserat a

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem /e/* kaserat **a** mapan ing madya utawi tengah tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem /e/* kaserat **a** miturut jinis, makna, saha mapanipun.



Gambar 38 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “**N**ak jodo yo dadi bojo **N**ak gak jodo yo tak kondangan wae ambek nyumbang lagu kandas”. Tembung **nak** ing wacana kasebut boten trep utawi ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken

kaliyan *konteksipun*. Jumbuh kaliyan *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **nèk**. Miturut bausastra basa Jawi, tembung **nèk** maknaipun yen utawi menawa.

Miturut bausastra basa Jawi, tembung **nak** maknaipun anak. Mila tembung **nak** ing wacana nginggil boten pas, ingkang pas inggih menika tembung **nèk**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /e/ kaserat **a** nginggil mapan ing tengah tembung. Kalepatan *fonologis* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem* /o/ kaserat **u**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /o/ kaserat **u** langkung jangkep.

i. Ewahing *fonem* /o/ kaserat **u**

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /o/ kaserat **u** mapan ing pungkasan wanda sepisan. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /o/ kaserat **u** miturut jinis, makna, saha mapanipun.



Gambar 39 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Wes bengi brow, wayahe wudhu, sholat isya, **ndungo** sedelo, trus udut sak util, keru dewe turu”. Tembung **ndungo** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Miturut *konteks*, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **ndongå**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **ndongå** maknanipun nyatanipun memuji utawi ngucapke donga. Tembung **ndongå** saking tembung lingga **dongå** ingkang maknanipun memuji, lajeng pikantuk ater-ater /n-/. *Fonem* nasal /n-/ minangka wujud tembung kriya ingkang saweg dipunlakeni.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /o/ kaserat **u** ing wacana nginggil mapan ing pungkasan wanda sepisan. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem* /u/ kaserat **o**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /u/ kaserat **o** langkung jangkep.

j. Ewahing fonem /u/ kaserat o

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /u/ kaserat **o** mapan ing tengah tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /u/ kaserat **o** miturut jinis, makna, saha mapanipun.



Gambar 40 <https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Jebulane tresnamu koyo kali kang kebak larahan, mampet **tor** banjir”. Tembung **tor** ing wacana kasebut ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*. Miturut *konteks* ing wacana kasebut ingkang trep utawi leres menika tembung **tor**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **tor** maknanipun lan uga.

Miturut paugeran basa Jawi, tembung **tor** maknanipun dolanan bocah. Tembung ingkang pas ing wacana nginggil menika tembung **tor** sanes tembung **tor**.

Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /u/ kaserat **o** nginggil mapan ing tengah tembung. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* boten namung wonten nginggil, ananging wonten ugi ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy**. Ngandhap menika kaandharaken ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy** langkung jangkep.

k. Ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy**

Adhedhasar asiling panaliten, kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy** mapan ing wiwitan tembung. Ngandhap menika kaandharaken langkung jangkep ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy** miturut jinis, makna, saha mapanipun.



Gambar 41 <https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

Meme basa Jawi nginggil ngewrat wacana “Tiyang ingkang kepengen *nikah* iku, **syaratipun** namung kalih... Kalih sinten (modyar)”. Tembung **syaratipun** ing wacana nginggil boten trep utawi ngewrat kalepatan menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteksi*ipun. Miturut *konteks* ing wacana nginggil, tembung ingkang pas utawi leres inggih menika tembung **saratipun**. Miturut paugeran basa Jawi, tembung **saratipun** saking tembung lingga **sarat** ingkang maknanipun sarana, lajeng pikantuk panambang **-ipun**. Awit saking menika, tembung **saratipun** maknanipun sing dianggo sarana murih slamet.

Miturut paugeran basa Jawi, tembung **syaratipun** saking tembung lingga **syarat**. Tembung **syarat** minangka tetembungan saking basa Indonesia, lajeng pikantuk panambang **-ipun**. Miturut wacana nginggil ingkang tetembunganipun migunakaken basa Jawi, mila tembung ingkang pas inggih menika tembung **saratipun** sanes **syaratipun**. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem* /s/ kaserat **sy** ing wacana nginggil mapan ing wiwitan tembung.

Saking kathahing wacana meme basa Jawi ingkang karembag ing nginggil, kejawi wonten ingkang ngginakaken *dialek* Jawa Tengah, wonten ugi mawi *dialek* Jawa Timur. Ngandhap menika kaandharaken wacana ingkang ngewrat *dialek* Jawa Timur.

1. Wacana *meme* basa Jawi “Sing tak jaluk kowe ojo kuatir, aku sing nglakoni aku sing **ngrasakné**”. (<https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>)

Tembung **ngrasakné** kalebet *dialek* Jawa Timur, menawi ing *dialek* Jawa tengah menika tembung **ngrasakké**.

2. Wacana *meme* basa Jawi “Bocah sing sawangane alim **gak** mesti alim tenanan, kadang yo clutak nyulih bojone konco..”. (<https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>)

Tembung **gak** kalebet *dialek* Jawa Timur, menawi ing *dialek* Jawa tengah menika tembung **ora**.

3. Wacana *meme* basa Jawi “Waktu adalah uang, yen kanca’mu **mbok** jak dolan ngomong raenek wektu brarti wonge ra ndue duwit”. (<https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>)

Tembung **mbok** kalebet *dialek* Jawa Timur, menawi ing *dialek* Jawa Tengah menika tembung **kok**.

4. Wacana *meme* basa Jawi “Kulo nyuwung tulung dateng panjenengan sami, dipun dongk’aken supados nomer togel kulo mêdhal. Mengke kulo **tumbasné**”

pulsa. Matur suwun ngeh..”. (<https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>)

Tembung **tumbasné** kalebet *dialek* Jawa Timur, menawi ing *dialek* Jawa Tengah inggih menika tembung **tumbaské**.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten wonten nginggil, saged kapendhet dudutan bilih kalepatan *fonologis* ing meme basa Jawi kapanggihaken tigang jinis kalepatan panyerating *fonem*. Jinising kalepatan menika awujud tambahing *fonem*, ical utawi sudaning *fonem*, saha ewahing *fonem*. Ngandhap menika minangka wujud kalepatan *fonologis* ingkang kapanggihaken ing *meme* basa Jawi jumbuh kaliyan saben jinis kalepatan kasebut saha mapanipun *fonem* ingkang lepat.

1. Kalepatan *fonologis* tambahing *fonem*, inggih menika *fonem* /k/ mapan ing pungkasan wanda sapisan saha pungkasan tembung, *fonem* /ə/ mapan ing pungkasan wanda sapisan, *fonem* /m/ mapan ing wiwitan tembung saha pungkasan wanda sapisan.
2. Kalepatan *fonologis* ical utawi sudaning *fonem*, inggih menika *fonem* /w/ mapan ing wiwitan wanda kaping kalih, *fonem* /y/ mapan ing wiwitan wanda kaping tiga.
3. Kalepatan *fonologis* ewahing *fonem*, inggih menika *fonem* /t/ kaserat **t** mapan ing wiwitan tembung saha wiwitan wanda kaping kalih, *fonem* /d/ kaserat **d** mapan ing wiwitaning tembung saha wiwitan wanda kaping kalih, *fonem* /d/ kaserat **dh** mapan ing wiwitan wanda kaping kalih, *fonem* /ə/ kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung, pungkasan wanda sapisan, tengah wanda sapisan, pungkasan wanda kaping kalih, wiwitan wanda kaping tiga, pungkasan wanda kaping tiga, saha pungkasan tembung, *fonem* /a/ kaserat **k** mapan ing

pungkasan wanda kaping kalih, *fonem /a/* kaserat **o** mapan ing wiwitan tembung saha pungkasan wanda kaping kalih, *fonem /i/* kaserat **e** mapan ing tengah wanda kaping kalih saha tengah tembung, *fonem /e/* kaserat **a** mapan ing tengah tembung, *fonem /o/* kaserat **u** mapan ing pungkasan wanda sapisan, *fonem /u/* kaserat **o** mapan ing tengah tembung, saha *fonem /s/* kaserat **sy** mapan ing wiwitan tembung.

B. Implikasi

Saking asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing wacana meme basa Jawi dipunprangguli kalepatan *fonologis*. Wontenipun panaliten menika, kangge sarana pamrayogi supados leres anggenipun nyerat tetembungan ing wacana meme basa Jawi miturut tataran *fonologis* ingkang baku. Asiling panaliten menika kangge *kreator*, saged dipundadosaken minangka garan tata caranipun panyeratan *fonologis* basa Jawi mliginipun ing meme basa Jawi. Panaliten menika ugi saged kangge garaning priyantun ingkang saweg nyinau basa Jawi, minangka kangge tambahing seserepan bab tataran *fonologis*.

C. Pamrayogi

Saking asiling panaliten saha pirembagan bab kalepatan *fonologis* ing meme basa Jawi, mila wonten ngandhap menika kaandharaken pamrayogi saking panaliti. Kangge sedaya tiyang supados nambah pangartosan tata caranipun nyerat ing wacana, mliginipun meme basa Jawi miturut tataran *fonologis*.

Panaliten menika saged dipunrembakakaken kangge panaliten ing prakawis sanes. Kangge sedaya tiyang ingkang nindakaken panaliten, *datanipun*

saking wacana meme basa Jawi saged nindakaken panaliten ing *aspek pragmatik*ipun kados ing bab tindak tuturipun, menapa ing tataran sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 2009. *Fonologi Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Juditha, Christiany. 2015. *Meme di Media Sosial: Analisis Semiotik Meme Haji Lulung*. Jurnal Pekommas, Vol. 18, 106.
- Muhammad. 2011. *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Muslich, Mansur. 2010. *Fonologi Bahasa Indonesia (Tinjauan Deskriptif Sistem Bunyi Bahasa Indonesia)*. Jakarta: Bumi Angkasa.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Analisis Kesalahan*. NTT: Nusa Indah.
- Pranowo. 1996. *Analisis Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta. 1937. *Baoesastra Djawa*. Batavia: Groningen.
- Rahmadi, Duwi. 2017. *Pedoman Umum EBI: Ejaan Bahasa Indonesia & Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Solo: Genta Smart Publisher.
- Riduwan. 2002. *Skala Pengukuran Variabel-variabel Penelitian*. Bandung: Alfabeta.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawi*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suharsimi, Arikunto. 2002. *Prosedur Penelitian (Suatu Pendekatan Praktek)*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Supriyadi. 1986. *Kesalahan Berbahasa dan Analisisnya*. Jakarta: Universitas Terbuka
- Tarigan, Henry Guntur & Djago Tarigan. 1990. *Pengajaran Analisis Kesalahan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.

Wedhawati, dkk. 2010. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.

Non Kapustakan:


<https://teknoterupdate.com/100-dp-bbm-meme-bahasa-jawa-terkocak-tergokil-terpopuler-2017/>

<https://gambarlucupictures.blogspot.com/2015/09/gambar-dp-bbm-lucu-jawa-paling-anyar.html>



https://www.google.com/search?safe=strict&q=meme+basa+jawi&tbm=isch&source=univ&client=firefox-b-d&sa=X&ved=2ahUKEwi_zO2wkKvmAhUTXnwKHRcAAdwQsAR6BAgKEAE

LAMPIRAN



Tabel 6 Analisis fonem, wujud saha mapanipun fonem ingkang lepat wonten ing meme basa Jawi

No.	Sumber Data	Fonem			Jinis			Mapan												Katrangan	
		V	K	S V	E	T	S	T W S	W T	P W S	T W K	W W K	P W K	T W T	W W T	P W T	T W A	W W A	P W A		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	
